ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№72 (22.230) ● 2012 гъэм мэлыжьхьым (апрелым) и 21, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adygeale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Я гугъуехьхэр ящегъэпсынщIэ

Езыхэм я гуныкъуэгъуэхэр, зыхэт гугъуехьхэр Къанокъуэ Арсен хуаIуэтэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и район псоми кьикIыурэ щIыхуэхэр кьокIуэ. Иджыблагъэ Урысей Федерацэм и Президентым щIыхуэхэм щалущIэ и Iуэхущ1апIэм республикэм и Iэтащхьэр апхуэдэ зы гупым щепсэльащ.

НАЛШЫК кьалэм щыщ Алихьан Анжеликэ Мухьэмэд и пхъум и сабиитхум ящыщу щыр зеиннщэу зришэлIэжауэ епIыж. Абы и щхьэгъусэм зэпымыууэ щылэжьэн Iэнатlэ иIэжьыми, унагъыр хуэщIакъым. Республикэм и Iэтащхьэм, щIыхубзыр кьызэрельIуэм кьыхэкIыу, ахъшэкIэ дэIэпыкьуащ икIи фIыщIэ хуищIащ зэщхьэгъусэхэм псапэщхуэ зыпылъ Iуэху зэралажьмыкIэ - сабий зеиннщэхэр зэрапIыжьмкIэ.

Къыкlэлъыкlуэу Къанокъуэ Арсен епсэльащ Щэджэм муниципальнэ районым щыпсэуэху Къыныжьхэр ящыщ зэщыпхъитIым. А тIум ящыщу нэхъыжьыр лэжьапIэнщэщ, нэхъыщIэр студентщ. Зэшыпхъухэм я адэ-анэр пасуэ яфIэкIуэдащ, иджыпсту хэхъуэу яIэр нэхъыщIэм кьрат стипендиерщ. ХьыдджэбзитIыр щыпсэу унэм газ кьекIуалIэрхьым. Къанокъуэ Арсен абыхэм ахъшэкIэ ядэIэпыкьуащ икIи нэхъыщIэм чэнджэщ иритащ егупъуу яджэну: «Бухгалтериемрэ экономикэмрэ зэбгъэщIэн папщIэ хуабжьу уегупъун хуейщ, еджэным уехьулIэмэ, уи щIэныгъэм хэбгъэхьэну узгъэкIуэнщ».

Къанокъуэ Арсен а махуэм хуэзащ Щэрэдж районым кьикIа Текуевэ Ленэ Хьэчим ипхъуми. А цIыхубзыр щхьэгъусэншэщ, и сабийр ныкъуэдыкъуэщ. Ар игъэхьужьын папщIэ лъэIуакIуэ къэкIуам ахъшэ хухахащ.

Зигъэхьужьын папщIэ ахъшэкIэ дэIэпыкьуну республикэм и Iэтащхьэм кьелъэIуащ Налшык кьалэм щыщ Щоджэн Залинэ Мухьэмэд и пхъур. Абы и щхьэгъусэр лэжьапIэнщэщи, сабийхэр зыхуей хуагъэззэфыркъым. А лъэIури Къанокъуэ Арсен гульытэншэу кьигъэнакъым.

ЩОКЪАРЭ Залинэ.

● Дамыгъэ

УФ-м и Президентым и Щ1ыхь тхыл1ъыр кърат

Вэрокъуэ Владимир

Къэралым и Iэтащхьэ Медведев Дмитрий Iэ щIидзащ къэралым и щэнхабзэм, телевиденэм, печатым, егъэджэныгъэм я лэжьакIуэ щхьэхуэхэм ябгъэдэль фIыщIэм икIи ахэр ильэс куэд пьандэрэ дагъэнщIу зэрылажьэм папщIэ наградэхэр етыным теухуа унафэм.

ПРЕЗИДЕНТЫМ и Щ1ыхь тхыл1ыр зратахэм ящыщ1ащ Вэрокъуэ Владимир - «Налшык» ОРТ» акционер зэгухьэныгъэ зэIуахам и генеральнэ директору.

Вэрокъуэ Владимир апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и фондым, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмрэ щIыхубзэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ и комитетым я унафэщIщ, УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ, тильмы 150-м щIигъу трихащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Футбол

Щ1алэгъуалэм щапхъэ ягъэлъагъуэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм 2011 - 2012 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ дыгъуасэ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэр Пермь щыIэу «Амкар»-м 1:0-у текIуэри, зыхэт гупым щаIыгъ пашэныгъэр ягъэбыдащ. Ди щIалэхэм хьэжаныкIар Балэ Рустамщ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Амкар»-мрэ я балигъ командэхэм я зэIуцIэр нобэ екIуэкIынущ. Абыхэм щIалэгъуалэр щапхъэ яхуэхъуатэмэ фIы дыдэт.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Ди къуэш республикэхэм

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуах

АДЫГЕЙ. ***«Пальмирэ Ищхьэрэм къикIа ныбжьэгъуэхэр» гъэлъэгъуэныгъэр республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и сурэт галереем къыщызэIуахащ.***

АБы щагъэлъэгъуэнущ архитектор нэхъыщхьэ Харченкэ Олег игъэхьэзыра олимп парким и эскизэр, Аликов Руслан и проектхэр, Губай Заурбэч и нэIэм щIэту екIуэкIа архитектурэ ухуэныгъэхэм я сурэтхэр, Берсыр Абдулыхь и Iэдакъэщ1экIэхэр.

Яубыдыну хунэсакъым

АБХЪАЗ. ***Республикэм къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министру щыта Кчач Асламбей яубыдыну Iэмал яримыту зиукIыжащ.***

АБХЪАЗЫМ и Президент Анкваб Александр теуахэм ар яхэтауэ хуатъэфащэрт. ЗэрыжаIэмкIэ, хабзэхъумэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр къыщилъагъум, абы унэм зыщIиубыдащ. Ар къаГъуэтащ и псэр хэкIауэ, зэрызиукIыжа кIэрахъуэр Iэщ1эльъ. Следствэм къызэрильытэмкIэ, президентым теуэныр къызэзыгъэпэщахэм Кчач ящыщащ.

Мазаем и кIуэхым Анкваб Александр и кортежыр зрикIуэ гъуэгум фугас къыщыдгъуэри, автомашинэхэм Iэщэкlэ теуауэ щытащ. Абы щыгъуэ президентым зыри къыщыщIакъым, ауэ и хъумакIуитI хэкIуэдащ.

Сом мелуан 25-рэ хухах

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей Федерацэм мэз хозяйствэмкIэ и федеральнэ агентствэм и хэщIапIэм лэжьыгъэ Iуэхуклэ щызэIущIащ а Iэнатlэм и унафэщI Масляков Викторрэ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ.***

УРЫСЕЙМ и мэз хозяйствэм и унафэщIымрэ КъШР-м и Iэтащхьэмрэ тепсэльыхьащ республикэм мэз Iэнатlэм зыщегъэжьыным пыщIа гугъуехьхэм, щIыналъэр жыг хэсэнхэмкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ мэз селекцэ-жылапхъэ центр зэтеубГэным.

Щхьэхуэу къытеувыIащ мэзхэр мафIэсым щыхьэумэныр нэхъ хэущIауэ къызэрагъэпэщынымкIэ. Абыхэм къыхагъащащ республикэм щыIэ мафIэсгъэункIыфI-химие станцхэр егъэфIэкIуэн, щIэхэр къызэгъэпэщын зэрыхуейр. Зыхуэфащэ дэфтэрхэр ягъэхьэзыра нэужь, мэзыр мафIэсым щыхъэумэныкIэ Iэнатlэр тэмэму къызэрагъэпэщын папщIэ сом мелуан 25-рэ хухахыну лъэныкъуитIыр зэгурыIуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Зэ1ущ1эхэр ■ Махуэгъэпс ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

Щ1бэт къыдж1ыгъуэ ■ Малъхъадис

Псори щэбэт щIыхьэхум фыхэт!

Республикэм и жылагъуэхэр зэлъыIухьнымкIэ, зэIуэпэщ щынымкIэ, абы-хэм щхьэантIагъэхэр щыхэсэнымкIэ мазитI лэжьыгъэм хиубыдэу нобэ республикэпсо щэбэт щIыхьэху йокIуэкI. Лэжьакlуэ гупхэр, республикэм щIыхуу ицыр кьыхуодожэ абы жьыджэру хэтынкъым. Республикэр кьабзэу, щэращIэу гъэмахуэ техьэныр ди кьару зэхэлькI кьыздыгъэгъэпэщ.

КъБР-м и гъэззэщIакIуэ властым и органхэм я унафэщIхэм, районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм лъэIыкIэ захуэдгъаз предприятэ, организацэ, Iуэхущ1апIэ псори щэбэт щIыхьэхум кьыхащэн папщIэ яхуэзэфIэкI псори ялэжьыну.

Дэ дыщогугъ республикэм и районым псоми щэбэт щIыхьэхур зэщIэгъэ1уIуауэ щекIуэкIыну, абы щIыхуэхэр жьыджэру хэтыну.

Республикэпсо щэбэт щIыхьэхур егъэкIуэкIынымкIэ комиссэ.

Псори щэбэт щIыхьэхум фыхэт!

Республикэм и жылагъуэхэр зэлъыIухьнымкIэ, зэIуэпэщ щынымкIэ, абы-мазитI лэжьыгъэм хиубыдэу нобэ республикэпсо щэбэт щIыхьэху йокIуэкI. Лэжьакlуэ гупхэр, республикэм щIыхуу ицыр кьыхуодожэ абы жьыджэру хэтынкъым. Республикэр кьабзэу, щэращIэу гъэмахуэ техьэныр ди кьару зэхэлькI кьыздыгъэгъэпэщ.

КъБР-м и гъэззэщIакIуэ властым и органхэм я унафэщIхэм, районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм лъэIыкIэ захуэдгъаз предприятэ, организацэ, Iуэхущ1апIэ псори щэбэт щIыхьэхум кьыхащэн папщIэ яхуэзэфIэкI псори ялэжьыну.

Дэ дыщогугъ республикэм и районым псоми щэбэт щIыхьэхур зэщIэгъэ1уIуауэ щекIуэкIыну, абы щIыхуэхэр жьыджэру хэтыну.

Республикэпсо щэбэт щIыхьэхур егъэкIуэкIынымкIэ комиссэ.

● Къэбэрдей-Балъкъэр

Щ1алэгъуалэм щапхъэ ягъэлъагъуэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм 2011 - 2012 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ дыгъуасэ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэр Пермь щыIэу «Амкар»-м 1:0-у текIуэри, зыхэт гупым щаIыгъ пашэныгъэр ягъэбыдащ. Ди щIалэхэм хьэжаныкIар Балэ Рустамщ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Амкар»-мрэ я балигъ командэхэм я зэIуцIэр нобэ екIуэкIынущ. Абыхэм щIалэгъуалэр щапхъэ яхуэхъуатэмэ фIы дыдэт.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Осетие Ипщэм худиIэ зэпыщIэныгъэхэм зауж

КъБР-м и Iэтащхьэм и жэрдэмкIэ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар зи пашэ гуп хэтащ Осетие Ипщэ Республикэм (ОИР) и президенту хаха Тибилов Леонид и къулыкъум зэрыпэрыувэм теухуа дауэдапщэм.

ЗЭХУЭСЫР щекIуэкIащ Осетие Ипщэм и Правительствэм и унэм. Республикэм и цIыхубзэм яхуэпэжу зэрылажьэным теухуа тхьэрыIуэр кьищIащ нэужь, Тибилов Леонид кьераным и Iэтащхьэм и штандартымрэ удостоверенэмрэ иратащ. Президентэу теувам Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, республикэм и цIыхубзэм я щIэкIэ екъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар.

«Хэхьныгъэхэр зэрыкIуэ кIам нал1уэу къегъэльагъуэ Осетие Ипщэм и цIыхубзэм я дзыхь къызэрыпхъащIыр, Щэч къытехьэркъым уэ Iуэхум уи гур зэретар, лэжьыгъэм уэзрыхуэIэзэр, ббгъэдэлъ зэфIэкIымрэ цIыхубгъэмрэ, апхуэдэу езэш умыщIэу Iэнатlэм уэзрыпэрытыр Осетие Ипщэм къыщIэщыт социально-экономикэ кьалэнэр гъэзэщIынымкIэ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ дэIэпыкъуэгъэшхуэ къызэрыпхуэхъунум», - жиIащ абы.

Чеченов Ануар кьыхигъэщIхьэхукIащ IэЭэткIэ хаха Президентыр и кьэлэнэ зэрыпэрыуэр властыр демократиемрэ и гъабжьэхэм тегъэувэнымкIэ, политикэ кьарухэр, граждан жылагъуэр зэхьэзэрыуэнымкIэ мыхьэнэншэу зиIэ лъэхъэнэу зэрыщытыр.

«Осетие Ипщэм и цIыхубзм зэрыгушхэн тхыдэ кьызэранэжкIащ, аэзэ лъэхъэнэ нэхъ гугъэ дыдэхэм щIыхь пылъу кьикIащ. Лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэм уэзрыхуэвэну щIыкIэр тэмэму кьыбгурыIуэн папщIэ блэкIар зыщIибгъэгъупщэ хьунукъым. Абы ящэкIэ егупсысауэ, тегушхуауэ уэзрыкIуэным уэуеГнэтI», - кьыхигъэщхьэхукIащ спикерым. Абы Осетие Ипщэ Республикэм и Президентым жриIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэр, сыт щыгъуи хуэдэу, я кьуэщ республикэм зэрахуэзэфIэкIкIэ зыщIагъэкъуэну, КъБР-мрэ ОИР-мрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэну, абыхэм зрагъэубгъуну, а щIыкIэм тету ди щIынатIитым и кьэрэнэмрэ Урысеим и кьжьэнум быдэу зэрыпыщIам телъжьыну зэрыпхъэзырыр.

Чеченов Ануар щIэуэ хаха Президентым узынщагъэ быдэ иIэну, Осетие Ипщэм и щIыхуэзу лIыгъэрэ егугъэныгъэрэ зыхэлъхъэм яхуэлажьэным хуэгъэпса и къулыкъум ехьулIэныгъэхэр кьыщIихьыну ехьуэхъащ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ,
КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Ипщэм и пресс-секретарь.

Москва къапоплъэ

● Гъуазджэ

Мэлыжьхьым и 26-м Урысеим и концерт гъэлъэгъуапIэ иэхьыщIхьэм - Москва и Кремль къэрал уардэунэм - щекIуэкIынущ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм гъуаздж1эмкIэ I эпщIэльапщIэхэмрэ я фестиваль, «Пою моё Отечество и славлю мой Кавказ» зыфIащар.

ЗэIущIэр къызэрагъэпэщащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и льуэдэ, Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КIФЩI-м щыIэ Хлопонин Александр и жэрдэмкIэ. Ди республикэм икIыну гупыр гъэхьэзырынрэ зи кьалэну щытар КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Гергер Иван зи пашэ къызэгъэпэщакIуэ комитетыр.

КъБР-м и лIыкIуэхэм яхэтщ республикэм и къэфакIуэ, сурэтыщI, декоративно-прикладной гъуаздж1эмкIэ I эпщIэльапщIэ, музыкант, эстрадэм и артист щIэрыIуэхэу щIыхуи 120-рэ. Пшыхьым утыку къыщрахьэну лэжьыгъэхэр кьыхэзыхар Кремль къэрал уардэунэм и режиссер, сценарист гупырщ. Гала-концертым хэтынущ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупыр, «Балкария» Iуэрыуатэ-этнографие ансамблыр, КъБКъУ-м и «Каллисто» къэфакIуэ театрыр, КъБР-м и щIыхубз артист Нэхущ Чэримрэ ди республикэм щIыхь зиIэ и артист Лосэн Тимуррэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Шэрджэс Iэсият, сабий щIыхубз саугъэтым и лауреат Къалмыкъ Тамерлан, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхубз артист Билан Димэ. Телевиденэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Урысеим и щIыхубз артист Березин Владимир и гъусэу пшыхьыр ди республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ, уэрджэкIакIуэ Къэзан Сэтэней зэрыригъэжьКIынури гуапэщ.

Кремль уардэунэм и пэшхэм щагъэлъэгъуэнущ ди республикэм и декоративно-прикладной гъуаздж1эмкIэ I эпщIэльапщIэхэмрэ сурэтыщIхэмрэ я Iэдакъэщ1экIхэр. Абыхэм я нэхъыбэр зытеухуар Къэбэрдейр Урысеим зэрыгъэхэр илъэ 455-рэ зэрыкIынурщ. Правительствэм и Унафэщ1 Гергер Иван щхьэгъусэ хуэхуэа Идар Темрыкъуэ инпхъу Гуащэнэ хьэгъуэлIыгъуэм щыгъуэ къритауэ щыта тепщэчым къытращIыкIар зэрагъэлъэгъуэнур. Езы тепщэчыр Москва Кремлым и Iэщ палатэм щахъуэмэ. Здашэ лэжьыгъэхэм ящыщ зыщ Соколов-Скаль Петр ищIа «Адыгэ лIыкIуэхэр Москва щыIэу» сурэтыр. «Пою моё Отечество и славлю мой Кавказ» фестивалыр къызэзыгъэпэщахэм я мурад, кьалэн нэхъыщхьэр хуэунэтIащ Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъэр зэрыгъэныбжьэгъуэным, зэгурыIуэным, зэрыпльытэным.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Хъуэхъу

Iэужь дахэ зиIэ

Iэужь дахэ иIэу къэгъэгугъыныкIэ щIэныгъэщI, химие щIэныгъэхэм я доктор, Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ РАН-м, Технологие щIэныгъэхэмкIэ Академием, ЩДАА-м я академик Мэкъэтlей Iэбдулыхь и махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу.

Уи махуэ лъапIэр гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ уиIэу уогъэзапIэри, дынохъуэхъу уи узынщагъэ мыкIуэщIу, уи гур зыхуэпабгъэр уи нахуапIэу, дунейм гу щыпхуэу ди япэ уитыну, гъащIэ дахэкIэ Тхьэр кьыпхуэупсэну!

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.



Хэт нэхъ хуэныкъуэр?

Ираным и ядерно Iуэхугъуэхэр зэтеIыгъэным хуэунэтIауэ Европэм и къэралхэм кьашта санкцIохэр зэрыщыгъуэм хуэдэу кунщIафIэу лажьэркъым. Тегеран хагъэзыхьын мурадкIэ абы и деж щIыдагъэ кьыщащэхун щагъэта щхьэжьI, езыхэм я уданыр зэгурыIуэкъуэжь.

Лондон щыIэ Энергетикэмкlэ къэхутэныгъэ зыубгъуэхэм я центрым (ЦГЭИ) къэзыгъэбжамкIэ, мы гъэм щIыдагъэ зэрищэм кьыпэкIуэу Ираным кьыхэхъуэнущ доллар мелард 56-рэ. США-мрэ Евросоюзымрэ абы и щIыдагъэр зэрамыщэхум кьыпэкIуэн хуеяр егъэщIыжь а гъэсыныпхъэ лIэужьыгъуэм и уасэр зэрыдэуеям. Тегеран щIыдагъэу ищэм и Iыхьэ щанэр хигъэшIа щхьэкIэ, а сату Iуэхуэхэм зэрыхтрэ гъэ кьэс иIа хэхъуэхэм я нэхьыбэ дыдэм кьыззрыкIэрыху щIыпхъэкIым гъэм кьыIэрыхьэнущ. АбыкIэ сэбэп мэхъу щэхуэкIуэнкIэхэр Азием кьызэрыщигъэтрар.

И щIыдагъэр зэрамыщэхум кIуэ iэтми нэхъ гугъу иригъэхь пэтми, Ираным зыубгъуауэ кьегъэсэбэп дипломатием и Iэмалхэр, а гугъуехьхэр химягъэтIэсэн папщIэ. А щытыкIэми, щIыдагъэм и уасэр Европэм зэрыщыдзуеями, нэгъуэщI кьэхьыкащIэхэми дунейпсо щIыдагъэ сатум и Iуэхуэр егъэлеяуэ зэхэзэрыхьа, зыхуэкIуэнур гурыIуэгъуэй икIи щынагъуэ ящI.

США-м и терроризм

«США-м и финанс хуэхъIэр щыхуэщIын щхьэщыгъ, ар мыгувэу Аладжим и щытыкIэм хуэныкIуэнущ». Аращ къыщIуатэр и «Iэщэ щхьэ» гъэдыкIым Америкэм и Щтат Зигугъэм и правительствэм и чэнджэщагъэу, финанс терроризмыр экономикэ зауэхэмкIэ эксперт Фримэн Кевин.

- Сэ къызолытэ США-м и къэрал щIыпIэ щIыхуэм аджэIи хигъахьэмэ, дунейпсо финанс рынокым Аладжим хуэдэу дыззхикьутэну, - жеIэ абы.

Ауэ абы къызэригъэувымкIэ, а кризис щынагъуэм лъабжьэ хуэхъунур щхьэпIэ лъэпкъ щымыIэ ахъшэр кьыдигъэхъI эпыгъуэ, США-р имыIэ мылькум хэтхъыкIыу зэрыпсэуракъым. 2001 гъэм фокIадэм и Il-м ялэжьа теракти, илъэси 7 дэкIа нэужь Америкэр зыхэхуа кризисри, иджы зыхуэкIу финанс щхьэупIэри - ахэр псори кьызэрыгуокI финанс терроризмщ. 2001 гъэм терактыр ялэжьу США-м и финанс Iуэхущ1апIэ нэхьыфIэр зэтракьутэн и щ, а террористхэм ящащ Америкэм и авиакомпаниехэм я акцIэхэр. 2008 гъэм дунейпсо биржэхэр кьагъэсэбэпри, иджыри компание нэхъ им дыдэхэм я экономикэр зэтракьутащ. Ахэр кьеГъэлыным США-м и правительствэм хилъхьащ доллар мелардхэр. А финанс терактхэр зехьэным къэрал щхьэхуэхэр елэжьу Фримэн Кевин кьелыгъэ, БРИКС-м хэт къэралхэр, Китайр, Ираныр, Венесуэлэр апхуэдэ бийхэм хибжянуи хьэзырщ.

Иджы зэгурыIуэжьыркъым

Германиемрэ Франджымрэ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ я министрхэру Фридрих Ханс-Петерр Геан Клодрэ къыгъэув щыIмальнымэ и деж Шенген зэгурыIуэныгъэр зэтрагъэувыIэу къэрал гъунапкъэхэр зэпызыпщI псори къащыну хуит щыIн хуейуэ.

А Iуэхур къызыIуатэ тхыгъэ абыхэм хуагъэхьащ Евросоюзым хэт къэрал псоми я МВД-хэм я Iэтащхьэхэм. Иджы маахуэкум ахэр зэIущIэн хуейщи, а Iуэхур кьаIэтыну я мурадщ.

Тхыгъэр зыгъэхьэзыра министрхэм кьалытэ щыIэмальнымэ и деж Шенген зэгурыIуэныгъэр махуэ 30-кIэ зэтрагъэувыIэу, дэтхэнэ къэрал гъунапкъэм щалажь хабзэ Iуэхугъуэхэр кьагъэщIэрэщIэжьыну Евросоюзым и къэралхэр хуит щIын хуейуэ.

Нэхъ пасэIуэу Франджым и президент Саркози Николэ зэкъым зэрыжиIар Шенген зэгурыIуэныгъэм и лэжьакIэр и къералым щIэзэрегъэувыIэну иужь зэритыр, абы зэхъуэкIыныгъэхэр зэлъхьэн зэрыхуейр. А Iуэхур къэзыгъэбатэ щхьэусыгъуэхэм ящыщу ящ1ар зыбгъэкIуейр. А Iуэхур къэзыгъэбатэ щхьэусыгъуэхэм ящыщу ящ1ар зыбгъэкIуейр - ахэр псори кьызэрыгуокI финанс терроризмщ. 2001 гъэм теракти ялэжьу США-м и финанс Iуэхущ1апIэ нэхьыфIэр зэтракьутэн и, а террористхэм ящащ Америкэм и авиакомпаниехэм я акцIэхэр. 2008 гъэм дунейпсо биржэхэр кьагъэсэбэпри, иджыри компание нэхъ им дыдэхэм я экономикэр зэтракьутащ. Ахэр кьеГъэлыным США-м и правительствэм хилъхьащ доллар мелардхэр. А финанс терактхэр зехьэным къэрал щхьэхуэхэр елэжьу Фримэн Кевин кьелыгъэ, БРИКС-м хэт къэралхэр, Китайр, Ираныр, Венесуэлэр апхуэдэ бийхэм хибжянуи хьэзырщ.

США-м и финанс хуэхъIэр щыхуэщIын щхьэщыгъ, ар мыгувэу Аладжим и щытыкIэм хуэныкIуэнущ

Ираным и ядерно Iуэхугъуэхэр зэтеIыгъэным хуэунэтIауэ Европэм и къэралхэм кьашта санкцIохэр зэрыщыгъуэм хуэдэу кунщIафIэу лажьэркъым. Тегеран хагъэзыхьын мурадкIэ абы и деж щIыдагъэ кьыщащэхун щагъэта щхьэжьI, езыхэм я уданыр зэгурыIуэкъуэжь

Лондон щыIэ Энергетикэмкlэ къэхутэныгъэ зыубгъуэхэм я центрым (ЦГЭИ) къэзыгъэбжамкIэ, мы гъэм щIыдагъэ зэрищэм кьыпэкIуэу Ираным кьыхэхъуэнущ доллар мелард 56-рэ. США-мрэ Евросоюзымрэ абы и щIыдагъэр зэрамыщэхум кьыпэкIуэн хуеяр егъэщIыжь а гъэсыныпхъэ лIэужьыгъуэм и уасэр зэрыдэуеям. Тегеран щIыдагъэу ищэм и Iыхьэ щанэр хигъэшIа щхьэкIэ, а сату Iуэхуэхэм зэрыхтрэ гъэ кьэс иIа хэхъуэхэм я нэхьыбэ дыдэм кьыззрыкIэрыху щIыпхъэкIым гъэм кьыIэрыхьэнущ. АбыкIэ сэбэп мэхъу щэхуэкIуэнкIэхэр Азием кьызэрыщигъэтрар.

И щIыдагъэр зэрамыщэхум кIуэ iэтми нэхъ гугъу иригъэхь пэтми, Ираным зыубгъуауэ кьегъэсэбэп дипломатием и Iэмалхэр, а гугъуехьхэр химягъэтIэсэн папщIэ. А щытыкIэми, щIыдагъэм и уасэр Европэм зэрыщыдзуеями, нэгъуэщI кьхьыкащIэхэми дунейпсо щIыдагъэ сатум и Iуэхуэр егъэлеяуэ зэхэзэрыхьа, зыхуэкIуэнур гурыIуэгъуэй икIи щынагъуэ ящI.

США-м и терроризм

«США-м и финанс хуэхъIэр щыхуэщIын щхьэщыгъ, ар мыгувэу Аладжим и щытыкIэм хуэныкIуэнущ. Аращ къыщIуатэр и «Iэщэ щхьэ» гъэдыкIым Америкэм и Щтат Зигугъэм и правительствэм и чэнджэщагъэу, финанс терроризмыр экономикэ зауэхэмкIэ эксперт Фримэн Кевин.

- Сэ къызолытэ США-м и къэралыгъэ щIыпIэ щIыхуэм аджэIи хигъахьэмэ, дунейпсо финанс рынокым Аладжим хуэдэу дыззхикьутэну, - жеIэ абы.

Ауэ абы къызэригъэувымкIэ, а кризис щынагъуэм лъабжьэ хуэхъунур щхьэпIэ лъэпкъ щымыIэ ахъшэр кьыдигъэхъI эпыгъуэ, США-р имыIэ мылькум хэтхъыкIыу зэрыпсэуракъым. 2001 гъэм фокIадэм и Il-м ялэжьа теракти, илъэси 7 дэкIа нэужь Америкэр зыхэхуа кризисри, иджы зыхуэкIу финанс щхьэупIэри - ахэр псори кьызэрыгуокI финанс терроризмщ. 2001 гъэм теракти ялэжьу США-м и финанс Iуэхущ1апIэ нэхьыфIэр зэтракьутэн и, а террористхэм ящащ Америкэм и авиакомпаниехэм я акцIэхэр. 2008 гъэм дунейпсо биржэхэр кьагъэсэбэпри, иджыри компание нэхъ им дыдэхэм я экономикэр зэтракьутащ. Ахэр кьеГъэлыным США-м и правительствэм хилъхьащ доллар мелардхэр. А финанс терактхэр зехьэным къэрал щхьэхуэхэр елэжьу Фримэн Кевин кьелыгъэ, БРИКС-м хэт къэралхэр, Китайр, Ираныр, Венесуэлэр апхуэдэ бийхэм хибжянуи хьэзырщ.

Иджы зэгурыIуэжьыркъым

Германиемрэ Франджымрэ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ я министрхэру Фридрих Ханс-Петерр Геан Клодрэ къыгъэув щыIмальнымэ и деж Шенген зэгурыIуэныгъэр зэтрагъэувыIэу къэрал гъунапкъэхэр зэпызыпщI псори къащыну хуит щIын хуейуэ.

А Iуэхур къызыIуатэ тхыгъэ абыхэм хуагъэхьащ Евросоюзым хэт къэрал псоми я МВД-хэм я Iэтащхьэхэм. Иджы маахуэкум ахэр зэIущIэн хуейщи, а Iуэхур кьаIэтыну я мурадщ.

Тхыгъэр зыгъэхьэзыра министрхэм кьалытэ щыIэмальнымэ и деж Шенген зэгурыIуэныгъэр махуэ 30-кIэ зэтрагъэувыIэу, дэтхэнэ къэрал гъунапкъэм щалажь хабзэ Iуэхугъуэхэр кьагъэщIэрэщIэжьыну Евросоюзым и къэралхэр хуит щIын хуейуэ.

Нэхъ пасэIуэу Франджым и президент Саркози Николэ зэкъым зэрыжиIар Шенген зэгурыIуэныгъэм и лэжьакIэр и къералым щIэзэрегъэувыIэну иужь зэритыр, абы зэхъуэкIыныгъэхэр зэлъхьэн зэрыхуейр. А Iуэхур къэзыгъэбатэ щхьэусыгъуэхэм ящыщу ящ1ар зыбгъэкIуейр. А Iуэхур къэзыгъэбатэ щхьэусыгъуэхэм ящыщу ящ1ар зыбгъэкIуейр - ахэр псори кьызэрыгуокI финанс терроризмщ. 2001 гъэм теракти ялэжьу США-м и финанс Iуэхущ1апIэ нэхьыфIэр зэтракьутэн и, а террористхэм ящащ Америкэм и авиакомпаниехэм я акцIэхэр. 2008 гъэм дунейпсо биржэхэр кьагъэсэбэпри, иджыри компание нэхъ им дыдэхэм я экономикэр зэтракьутащ. Ахэр кьеГъэлыным США-м и правительствэм хилъхьащ доллар мелардхэр. А финанс терактхэр зехьэным къэрал щхьэхуэхэр елэжьу Фримэн Кевин кьелыгъэ, БРИКС-м хэт къэралхэр, Китайр, Ираныр, Венесуэлэр апхуэдэ бийхэм хибжянуи хьэзырщ.

Иджы зэгурыIуэжьыркъым

Мы махуэхэм

Мэлыжьхьым и 21, *щэбэт*

t Илъэс 2765-рэ и пэ Рим къалэр яухуащ. Иджы Урымым (Италие) и къалащхьэщ.

t Илъэс 45-рэ и пэ Альджым «полковник фIыщIэхэм» я фашист хунтэм властыр кьищIащ.

t Мэлыжьхьым и 21 - 26-хэм Дохэ (Катар) щызэхэтынущ сатумрэ зыужьынныгъэмкIэ (ЮНКТАФ) ООН-м и конференцым и 1921 гъэм Налшык кьыщызэIуахащ Лъэпкъ мэуэ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, махуэм градус 16 - 20, жэщым градусиI 10 - 15 щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикь 12-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакьикь 56-м.

Хьэуам и псыIагъыр кьитIэсэнущ процент 49 - 79-м.

Мэлыжьхьым и 22, *тхьэмахуэ*

t **Щым и экологием и дунейпсо махуэщ**

t Мэлыжьхьым и 22 - 28-хэм Административнэ лэжьакIуэхэм я дунейпсо тхьэмахуэщ.

t Франджым и президент хэныныгъэхэр зэхэтынущ.

t Лондон (Инджылэнд) щекIуэкIынущ атлетикэ псынщIэмкIэ марафон.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, Налшык пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ уэшх кьыщешхынкIэ хьунущ. Щэджагъуэм пшэр техьэ-текIыу щытынущ. Махуэм градус 15 - 20, жэщым градусиI 10 - 15 щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикь 11-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакьикь 57-м.

Хьэуам и псыIагъыр кьитIэсэнущ процент 54 - 88-м.

Мэлыжьхьым и 23, *блыщхэ*

t **Тхылымрэ авторым и хуитныгъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**

t Инджылызым Георгий Щихьым и махуэр щагъэлъапIэ.

t Шэшэн Республикэм щэщIныбзэм

● КъБР-м и Правительствэм

Нэхъ зылъэмыкIэм къащхьэщыжу

Вэсэмахуэ КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэIуIэ зэхэтащ. Ар иригъэжьащ абы и Унафэщ Гертер Иван. Зэ́Iущ́Iэм и лэжьыгъэм хэтащ кьалэ, район администрацхэм я Iэтащхьэ-хэр, министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщIхэр.

Зэ́Iущ́Iэр кьыззэIуихьи и пэ, Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван къырихьэлIахэм ягу кьигъэкIыжащ накьыIэм и гуфIэгъуэ махуэхэм ирихьэлIэу лэжьэгъуэ махуэхэри зэрагъэIэпхьуар. Иджы зыгъэпсэхугъэщ мэлыкьыхьым и 29-м щыщIэдзауэ накьыIэм и Iхьуху, накьыIэм и 6-м щегъэжьауэ и 9-м нэсыху.

- ГуфIэгъуэ махуэхэм кьриубыдэу ди республикэм щыпсэухэм я щьнагъэншагъэр кьыззэмыгъэпэщу хьунукьым. Абы кьыхэIуи иджыри зэ фыкIэлъэплъыжьитхъэщ щыхуу куэд щызэхуэс щыпIэхэм мафIэс кьащыщмыгъэхьунымкIэ Iэнатlэхэр зэрыплажьэм, аварийнэ Iуэхущ́IапIэхэр я пэжыжьагъэм зэрыкьыхэхьэрым. Псы Iуфэхэм, мэз хозяйствэхэм щынагъэншагъэр кьыщыззэрэпэщ, - жиIащ Гертер Иван.

Хамэ кьэралхэм, Урысейм и нэгъэуцI щынальхэхэм иращыIпIа зэгурыIуэныгъэ псоря законкIэ КъБР-м и Парламентым кьыштэн хуейщ. Хабзэгъэув орган нэхъыщыхьэр хэпльэн папщIэ хуагъэхьыну зэ́Iущ́Iэм кьыщащтащ зэгурыIуэныгъэ пIлым я проектхэр. Абыхэм яхэту Азербайджаныр КъБР-м и Правительствэм зэращыIпIэ ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, абы я сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэм, зэдэлэжьныгъэм зегъэубгъэнри. Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр иращыIпIэ Ингушэ Республикэм, Красноярск краймэ, Ярославль областтэм.

Зэ́Iущ́Iэм зэрагъэжьыни папщIэ, мы гъэм Азербайджан Республикэм кIэуну плыкIуэхэр я спискэри зэ́Iущ́Iэм щаубзыхуащ. Фигу кьэдгъэкIыжынщи, мы гъэм я кьералым и правительствэм и плыкIуэхэр КъБР-м щыIащ, ди экономикэм зиужьыныкIэ сэбэпышхуэ зыхьэлъ зегурыIуэныгъэ зыбжанэм Iэ щIадзащ.

Зэ́Iущ́Iэм кьыщащтащ республикэм и «Транспортымкlэ налогхэм» екьэлIа Законым и 6-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэмрэ дэщIыгъуэныгъэмрэ хэлъхьэныкIэ Правительствэм и унафэм и проектри. Кьыззэрысхэр я Iуэхум щыгъуазэ нэщIу кьыщыпсальэм, КъБР-м экономикэмрэ сатумрэ и министр Мусуков Алий кьыхихэщащ Урысейм и щIыналъэм я правительствэхэр зэрыхуитыр а налог лIэужьыгъуэм езыхэм я унафэкIэ хагъэхьыну е хагъэхьэуну. НтIаи, нужьрей илъэси 5-м кьырифыдзу абы зэхьуэжьныгъэ лъэпкъ халъхьакьым. Иджы ягъэхьэзыр зэхъуэжьныгъэхэм ягъэпкъ иткIэ, языныкьуэ транспортым налогхэр зэрыщыту щхьэщыхьыну.

Нобэ республикэм щызэрахьэ уней транспорт зэмылIэужьыгъуэу ин 200-м нэс. Ар зейхэм зэхэту сом мелуани 100 хуэдизу ятын хуейуэ хуатх, арщхьэкIэ налог Iуэхущ́IапIэхэм кьахуэхэхьжыр тIуКIэ нэхъ мащIэщ. Нэгъэщ́Iуэ жьыпIэмэ, ар зытын хуейкъэм я бжыгъэр кудэщ́Iэ зэрыкьуэм кьыхэжьну, ахъщэри кьыхуэхьжыркьым. Унафэщ́Iэм и фIыгъэкIэ налогхэр зытын хуейкъэм я бжыгъэм кудэкIэ хощI, ауэ зи двигателыр лъэрызехьэр нэхъ кьулейхэращ, уасэр яIэтыну Iэмал ягъуэтри, ахъщэ бжыгъэу кьыхахьан хуейр сом мелуани 193-м нагъэс (нобэкIэ ГИБДД-м щатха автотранспортым фIэкIа кьамылытэу. Нэхъ гурыуэгъуэ жьыпIэмэ, нэхъ хуэмышIэуэ псэу, ди кьэралым кьыщыщIагъэкIа автомашинэ зиIэхэм транспортымкlэ налог псори щхьэщ. Апхуэдэу ди республикэм щыпсэуэхэр цIыку мини 136-р мэхъу (уней автомобиль зиIэ цIыку мин 200-м щыщу). Абы кьыдэгъуэгурыкIуэу, хамэ кьэралхэм щыззэпкральхьа автомашинэ зиIэу нэхъ кьулейхэм налогхэр хуаIэтри, кьэралым ахъщэу Iэрыхьэм и бжыгъэм тIуКIэ хагъахьуэ.

Апхуэдэу нэхъ хуэмышIэуэ псэуэхэм кьащхьэщыж унафэ зыбжанэ кьыщащтащ мы зэ́Iущ́Iэм. Псальэм папщIэ, абыхэм ящыщу КъБР-м и щэсыпIэ фондым и зэфIэкIэм хэзыгъуэхьуэр. Хьэрычэтыщ́Iэ Iуэхум хилъхьэн папщIэ кредит щыхуэ кьыщищтэкIэ, фондым абы кьэралым щэсыпIэ кьыхуэгъэгъэпсэ, ауэ лизингкIэ зэрыплъэкIыну обрудованэ, Iэмэпсымэ кьэзыщ́Iэхэм ар дэ́Iэпыкьуфыркьым. Иджы кьащта унафэм и проектым и фIыгъэкIэ, апхуэдэ хьэрычэтыщ́Iэхэм яIэтынущ кьэралым щэсыпIэм и щIэгъэкъуэм.

Кьэщынэмыщ́Iауэ, зэ́Iущ́Iэм кьыщащта унафэхэм ящыщ щыкIи иткIэ, Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам ди республикэм щыщу хьыкьэ спортсменхэм, абыхэм я гъэсакIуэхэми дяпэкIэ ахъщэ саугъэт хуахьынущ. Нэгъабэ и ятIуанэ илъэс ныкъуэм кьриубыдэу апхуэдэ стипендиехэр хуагъэфэщащ спортсмен 36-мрэ абы я гъэсакIуэхэмрэ. Ахэр псори хохьэ Урысейм и командэ нэхъыщхьэхэр, ятIа-ещанэ уви́пIэхэр кьыщащащ Европэпсо, дунейпсо, Урысейпсо зэхьэзэхуэхэм. Иджы Кьэбэрдей-Балькъэрым и бюджетым а Iуэхум сом мелуани 2-рэ мин 520-рэ хухех .

КЪАРЭМЫКЪУЭ Залым.

Гуапагъэрэ дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIа зэхьхьэ

Думай Борис къоп́салъэ.

ЗИ МАХУЭШХУЭР зыгъэлъапIэ, ветеран зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 21-рэ зэрырикъум теухуа зэхьхьэ гуапэ КъБР-мкIэ МВД-м и Ветеранхэм я советым и хэщ́IапIэм щекIуэкIащ. Илъэс куэд хъуауэ Советым и тхъэмадэ, абы и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэмхуэ куэзыщIа Думай Борис ар къызэIуихри, я гъуэгуанэм и тхыдэм, я лэжьыгъэм кьрикIуахэм, я унэтIыныгъэ нэхъыщ́Iхьэхэм къызэхуэсахэр кIэщ́Iу щыгъуазэ ищ́Iащ. Абы къызэрыхихыгъэщамкIэ, КъБР-м къэралкъуэцI Iуэхущ́IапIэ и Iэнатlэхэмрэ къэралкIуэцI Iуэхущ́IапIэ и Iэнатlэхэмрэ къэралкIуэцI Iуэхущ́IапIэ и Iэнатlэхэмрэ я Ветеранхэм я советыр Урысейм щынэхъыфIхэм ящыщ зыщ. Я Iуэхур дэкIыным,efIэкIуэным гулытэ хэха хуэзыщ́I, зи нэ́Iэ кьатет кьэралкIуэцI Iуэхущ́IапIэ и министру КъБР-м щыIэ́ пощицым и генерал-майор Васильев Сергей езым и щхьэкIэ, ветеранхэм кьабгъэдэкIыу фIыщ́Iэ яхущ́Iащ.

Нэхъыжьхэм, сабий́хэм ягъуэт щ́Iэмрэ гулытэмрэ ижь-ижьыж лъандэрэ кьэралым и быдагъымрэ и щытыкIэмрэ кьэзыгъэлъагъуэу кьокIуэкI. КъэралкIуэцI Iуэхущ́IапIэ и министерствоу КъБР-м щыIэм хабзэ зэрыхъуауэ я ветеранхэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщ́Iегъакъуэ. Полицэм и генерал-майор Васильев Сергей зи махуэр зыгъэлъапIэ ветеранхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуитъэзащ УФ-м къэралкIуэцI Iуэхущ́IапIэ и министр армэм и генерал Нургалиев Рашид и хъуэхъум ирегъэджащ. Ветеранхэр абы щыгуфIыкIащ икIи Iэгуауэ хуаIэтащ. Республикэм щынагъэншагъэр кьыщ́Iэгъэпэщ́Iащ, абы щыпсэуэхэр щ́Iэпхьаджагъэхэм ящыхъумэным хабзэхъумэм Iэнатlэхэм я нэхъыжьхэм хуащ́I хэлъхьэныгъэ папщ́Iэ фIыщ́Iэ яхущ́Iащ. Полицэм и унафэщ́Iым жиIащ министерствэм и ветеран зэгухьэныгъэм дэлэжьэныр нэхъри егъэфIэкIуэн зэрыхуейр, абы сыт и лъэныкъуэкIи зэрызэщ́Iигъэхьэнури кьыхигъэщащ.

- Республикэм дежкIэ щытыкIэ гугъуэм фи псалъэкIэ, жаназкIэ, гукъэджэ мыкIуэщ́IыкIэ зэрэзэмыщ́Iэ гушхуэныгъэмкIэ щ́Iэпхьаджагъэхэм ебэныныкIэ, жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэр дэ́Iыгъныкьмкlэ кьэралкIуэцI Iуэхущ́IапIэм и лэжьакIуэхэм щ́Iэгъэкъуэн фахуохъу. Кьалэн мытыншыр зэфIэхьныкьмкIэ фыкъызэрыдДдэ́Iэпыкъуэм папщ́Iэ КъБР-мкIэ МВД-м и унафэщ́Iхэм фIыщ́Iэ кьыфхуащ, - кьыхигъащащ Васильев Сергей. Ветеранхэм узыншагъэ, гъащ́Iэ кIыхь яIэну, Къэбэрдей-Балькъэрым, зэрищащту зэралым и зыужьныгъэмрэефIэкIуэныгъэмрэ теухуа я мурадхэмрэ гугъэхэмрэ зы-Iэрагъэхьэну зэрягуапэри жиIащ.

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык кьалэмкIэ и Iуэхущ́IапIэм и унафэщ́I полицэм и полковник ДышэќI Назир ветеранхэм кьахуигъэхьа хъуэхъум кьедэжащ Управленэм кадрхэмкIэ и кьудамэм и унафэщ́I Ульясов Валентин.

Ветеран зэгухьэныгъэм и жылагъуэ гъащ́Iэм жьыдэкIуэ хэт Советым кьихьэ гупыщ́Iуэм КъБР-мкIэ МВД-м и Щ́Iыхь тхыльхэмрэ ахъщэ саугъэтхэмрэ ираташ.

Республикэмкlэ МВД-м и художественнэ самодеятельностым хэтхэм зэрызэщ́Iа уэрэдхэм, зи махуэр зыгъэлъапIэхэм хуагъэхьэзыра усэхэм ветеранхэм я гукъэкIыжьхэм зэрыщ́Iэтыну. Лхэр Iэнэ берычэтым пэрысу я гукъэкIыжьхэмрэ мурадхэмкIэ зэдэгъэгушащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Мэлыжьыхьым и 22-р Ленин Владимир къыщ́атъхуа махуэщ

Тхыдэм хэгъуэщ́эжынукъым

Дунейм тетащ дзэзешэ щ́Iрыпуэ, политик акьылыфIэ, тхакIуэ гъуэзэджэ куэд. Арщхьэкlэ езым и зэфIэкIым и пыдагъкIэ (Ленин Владимир абыхэм куэдкIэ ящхьэщокI. Мыбы нубзыхуащ гуащ́Iэрыпсэухэм, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуитIым, захуагъэм тещ́Iыхьа идеологие. Нэгъэщ́Iуэ жьыпIэмэ, цIыкIуэр сыт щыгъуи зыщ́Iэхъуэпсам хуэгъэзащ. Лениным кьыззэригъэпэщащ империер зэхэзыгъэщащэу хунтымыгъэкIэ псори щызэхуэдэ лъэпкъхэм я кьэралзэтегъэпыкIуэ щыIэ. Илъэс 54-рэ иримыкъу кьудейщ ар зэрыпсэуар. Арщхьэкlэ, кьэралым и Iэтащхьэу зэрыщыта илъэси 5-м Советэр НЭП-м кьыщыщIэдзауэ ГОЭР/Iо планым нигъэсыфащ. Мы зэманым абы и щIэнкIэр дунеи псом кьуэуэ щадж. Лениным и гъжьыгъэхэр дунейм и бзэ нэхъыщхьэ псомкIи зэрадзэкIащ. Абы и щIэр тхыдэм лъэ быдэкIэ хьыхьащ икIи зэи хэгъуэщ́эжынукъым.

ЛЕНИН Владимир и фэепIым дэ зэпымыууэ дыкьыхуреджэ нэхъыфIым, зыужьыныгъэм, лъэпкъыр хамэ унафэм щ́Iэмытыным, демократием, социализмым дыщ́Iэбэну.

Псэуэкуэ Лениныр хущ́Iэкъуащ лэжьакIуэбэр пщыIлIыпIэм кьишыным, жылагъуэм и псэукIэр егъэфIэкIуэным. Дунейм и цIыху нэхъ цIэрыпуэхэм Лениным пщ́Iэшхуэ яIэ хуащ́Iу щытащ. Эйнштейн жиIащ Лениным хуэдэхэм цIыкIугъэр кьагъэщ́Iэрэщ́Iэжьу. Горькэм кьиныбгъу щытащ динхэм я тепщэгъуэ зэманым Лениныр псэуамэ, ар щихъыу ябжьыну. Черчилль и гугъу пщIымэ, абы политикэм ящыщу Лениным ипэ зыри иригъэщу щытакъым.

Мы зэманым дунейр нэгъэщ́Iуэ хъуащ, щ́Iэблэ зыбжанэ зэблэкIащ, ауэ Ленин Владимир ди лъэхъэнэгъуэ кьэнэжи. Аращ гуащ́Iэрыпсэухэм ирагъэкIуэкI бэнэныгъэм и гъуаззу щытыр. Зэрыгурыуэгъуэщи, ди ныкьуэкьуэгъуэхэм ар ялъагъу хъуркъым. Аращ Лениныр ягъэнкIэн папщ́Iэ яхуэфIэкI кьыщ́амыгъанэр.

Лениным и щIэ кьудейм ещанэгубжь Совет властымэ ди кьэралымрэ кьахуэдэзлащхэ псори. Аргуэру якьуэдий абы и хьэдэр Мавзолейм кьыщ́Iэхьын хуейуэ. Абы щ́Iэрыпсыми, ябзыщ́I 1917 гъэм а цIыхум гуащ́Iэрыпсэухэр гъэпщыIакIуэхэм я бжьым кьыззэрыщ́IигъэкIар, 1945 гъэм зэрыпсъуакIуэхэм дзэрыгъэкIуар зэрифыщ́Iэр.

Коммунистхэм, Ленин Владимир и щIэр, ди кьэралым и кьэкIуэкIыкIар зыгъэлъапIэхэм ахуэзфIэкI кьагъэнэн хуейкъым вождым и щIыхьыр яхъумэн папщ́Iэ. Ди дэ кьалэнщ Лениным и Iуэхум пытщ́Iэну: гуащ́Iэрыпсэухэм я тетыгъуэм кьедгъэзэгъэжьну, социализмыр кьэдгъэщ́Iэрэщ́Iэжьыну.

Лениным сыт щыгъуи кьиныбгъу щытащ псалъэм ящ́I Iуэхур игъэщ́Iын хуейуэ. Аращ, дэ ди лэжьыгъэкIэ, ди дуней тетыкIэкIэ кьэдгъэлъэгъуэн хуейщ Лениным и уэсэтхэм даэзрыхуэпсжьыр!

ЩЫХЪАЛЫ Заирэт,
*Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым КПРФ-м щIэ урамхэм ущрихьлIнчуг Щ́ынвал, Бесльэн къалэхэмк. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэщ Нартхьалэ къалэ, Нартан къуажэ, Iэдиныху («Нарт» эпосым хэт пщащэм и цIэщ) жыIэ. Нужьрейм и уэрамхэм псомк зэрахьэр нартхэм я цIэхэрщ. Сыхьум нIэщ «Абхъазым щыщ нартхэр» фIэщыгъэр зезыхьэ дзэгуэкIуэ гуп, Владикавказ дэтщ «Нартхэр» щыдрамэ театр. Ятпэхэми хуэдэу, сабий́хэм фIащ лIыхьужьхэм я щIэхэр: Агундэ, Ахсар, Дзерассэ, Батрэз, Урузмаг, Сослъэн сымэ кьыщ́ажьихь Осетием и идыкIей пщIантIэхэм.**

● ЗэIущ́Iэхэр

Яхузэфl экlар къалытэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Иджыблагъэ зэхэтащ КъБР-мЖылагъуэ, дин зэгурыIуэныгъэхэм я Iуэхукlэ и кьэралкомитетым и коллегиеми я зэIущ́Iэ. Абы щыхэтлъэжащ нэгъабэ ялэжьа Iуэхугъуэхэм икIи мы гъэм кьапэщ́ылъхэр щ́абубзыхуащ.

КЪЭРАЛ комитетым нэгъабэ хузэфIэкIахэр зэпкърыхауэ кьыгъэзащ́Iуэу зэ́Iущ́Iэм кьыщ́ащ́Iыпсалъэм, абы и унафэщI Пащты Борис кьыхихуэщ́Iащ я Iуэхущ́IапIэр 2011 гъэм и кIуэхэм кьызэрагъэпэщауэ зэрыщытар, абы и пэкIэ республикэм щ́Iалэгъуалэм я Iуэхуэхкlэ, жылагъуэ, дин зэгурыIуэныгъэхэм ядалэжьымкIэ, хьыбарегъащ́Iэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм хэту зэрылэжьар. А министерствэм кьыгуэхауэ комитет щ́ыхьэхуэ кьыззэпэщ́Iымкlэ зыхуэныкьуэ щ́ыкьэт тхыльхэр хьэзыр щ́ыхъуар мы гъэм мазаем и 21-рад. Апхуэдэ щ́ыкIэкIэ къэунэхуащ́ къэрал Iуэхущ́IапIэ щ́ыхьэхэ, къэралым и Iьэпкъ политикэр, къэрал-дин зэхущ́ытыкIэхэмкlэ политикэр, къэрал-жылагъуэ зэдэлэжьэныгъэр, хамэ къэралхэм щ́ыпсэу ди хэкуэгъуэхэм хуаIэ зэпыщ́Iэныгъэм и къэрал политикэр, нэгъуэщ́I Iуэхугъуэхэри убзыкIныр зи кьалэн комитет щ́ыхьэхэр. Абы щ́ыху 27-рэ щ́ылажьэу аращ. Iуэхущ́IапIэ щ́ыхьэхэ кьызэрагъэпэщ́ыным зэманэу ихьам емылъытауэ, комитетым хузэфIэкIащ́ зыхуигъэувыжа кьалэн псори игъэззащ́Iэну. Ар зэлэжьа проект, Iуэхугъуэ зэхуэдмыдзу 309-м кьызэщ́Iэуубыдащ́ республикэм щ́ыпсэу цIыку мини 177-рэ. Абы, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, соIюхэм хуаутIыпщ́а ахъщэри хэту, текIуэдащ́ сом мелуани 6,5-рэ. А псом Iэмал кьаритащ́ властым и федеральнэ, щ́ыналъэ Iуэхущ́IапIэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэрызэдэлэжьэну щ́ыкIэр, зэрыдаIэ, политикэм и унэтIыныгъэр зыхуэдэр, щ́ытыпхъэр яубзыхуну.

Пащты Борис кьызэригъэльэгъуамкIэ, комитетым псом ялэ гулъытэ зыхуищIар республикэм и Iьэпкъ политикэр зэпIэзэрыту зэтегъэувэнращ́. Абы хузэнэтIуэ ялэжьа Iуэхугъуэ 141-м кьызэщ́Iаубыдащ́ цIыку мини 10 хуэдизу икIи текIуэдащ́ КъБР-м и бюджетым къиутIыпщ́а ахъшэм щ́ыщу сом мин 617,22-рэ

Псом хузмыдзу кьэпсэлъэн кьыжьигъэщхьэжькIащ́ Iьэпкъ политикэм епха Iэнатlэхэм папщ́Iэ Iэщ́IагъэщIагъэ зэгухьэныгъэ зэрапэжьащ́. къэрал, муниципальнэ кьуныкьуущ́Iэу 25-рэ щ́арагъэджащ КъБКъУ-м Iэщ́Iагъэм щыхагъахьуэу, нэгъэщ́I Iэщ́Iагъэм щ́ыхуагъэхьэныгъэ щ́ыIэ щ́ыналъэ центрым.

Нэгъабэ комитетыр елэжьащ́ «Куначескво» республикэпсо щ́алагъуэлэ проектыр гъэззащ́Iэныным. Ар лъэпкъ зэхущ́ытыкIэхэр гъэбыдэным, гъэдэхэным и Iэмалхэр кьызэкъуэзых Iуэхугъуэщ. Аращ а проектым Кавказ Ищхьэрэ псом лъабжьэ щ́игъуэт щ́Iэхуар. УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФщ́I-м щ́ыIэм и Аппаратымрэ ООН-м и ЮНЕСЕФ-м Кавказ Ищхьэрэм щ́ыIэ Сабий фондымрэ кьадэIэпыкъуни, проектым кьызэщ́Iрагъэубыдащ́ Къэбэрдей-Балькъэр, Шэшэн, Къэрашей-Шэрджэс, Ингуш, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэхэр.

Апхуэдэу нэгъабэ кьаръэжьа Iуэхугъуэщ́Iэхэм ящыщ «Щэнхабзэхэм я зэпсэлъэныгъэ», «Лъэпкъ дипломатие» проектхэри, нэгъуэщ́Iэхэри.

Мы гъэм кьапэщ́ылъ Iуэхугъуэхэр кьыщ́ыгъэлъагъуэм, комитетым и унафэщI Пащты Борис кьыхихуэщ́Iащ, федеральнэ властым кьызэригъэувам тету, илъэсищ́ пIалъэкIэ, хьэхуэкIэ зэрызэщ́ыхуар. Абы щ́ыгъуэм кьалъытащ́ щ́ыхуэхэр я Iуэхущ́IапIэ, хьэхуэкIэ зэрызэщ́ыхуакIым зэпэщ́Iэзывэныгъэ кьишэ зэрыхъуар, Урысейм и политикэ гъащ́Iэм нэхъ щ́Iэтэхэуэбжьауэ зэрызиужьым кьыхэкIыу, демократием и лъабжьэми нэхъ зэрызиубгъур, хьэрычэтыщ́Iэу щ́ымыт организациэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я бжьгъэм кьызэрызэхъуэр, нэгъуэщ́Iхэри.

Комитетым кьэпэщ́ылъ кьалэнхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр кьытыгъэри, абы и бюджетым хагъахьауэ сом мелуан 36,1-м нэс. А бжьгъэр республикэм кьыхуитIыпщ́ым, федеральнэ бюджетым кьыхэкIым, бюджетым щ́ымыщ́ хэкIыпIэхэм кьыхалъхьэм я фIыгъэкIэ нагъэсыну я мурадщ́ сом мелуан 48-м нэс. Апхуэдэ щ́ыкIэкIэ, нэгъабэ елытауэ, абы хухах ахъшэм хуохьуэ хуэди 8-кIэ.

Коллегием и зэIущ́Iэм кьыщ́ыкъагъэщ́ыхэхуэ щ́ыкIащ Сирием щ́ыIэ ди хэкуэгъуэм абы щ́ыкIэкI кьыгъэм кьыхэкIыу я хэку кьыгъэззащ́Iэныным техуауэу яхузэфIэкI зэрапэжьащ́.

ГЪУЩIО Зарифэ.

● Шэрэдж куэй

Жылагъуэхэр мэщIэращIэ

Джэрпэджэж, Къарэ-Су къуажэхэр электрокъарур зэзыгъэзахуэ уэрам уэздыгъэхэмкIэ кьагъэнэхунущ.

ШЭРЭДЖ куэй администрацэм псоригъэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэ Тугузаев Юсуп кьыдита хьыбарым кьэзырыхъэщ́ымкIэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен и унафэкIэ, а Iуэхум трагъэкIуэдэну мы жылагъуитIым сом минИ 116-рэ кьадэIэпыкъуни. Псом хуэмыдэу абы щ́ыгуфIыкIащ щ́ымахуэ дзэ щ́ыгуфIыкIащ щ́ымахуэ дзэ́ хьэхуэ́ныгъэ жьыгъэ́ру хэтщ́: уэрамхэр зэлъыIуах, гъэзэгубгъуэм Iуг жьыгъэм сэху тракIэ, кIэрыхубжьэрыхуэ зэтрихьаухэр даш, пхъанкIий идзыпIэхэр ягъэсей. Мыгувэу кьуажэхэм я IуплъапIэхэм щхьэнтIагъэмрэ жьыгъэIэхэмрэ хаснущ. Мы Iуэхум жьыдэрэ хэт кьуажэдэхэмрэ еджакIуэхэмрэ псыхъуэхэр, губгъуэхэр чэзуэу ягъэжьабзэ, целлофан, полимер пкъыгъуэхэр зэхуахьэс.

ЖАНХЪУЭТ Зуз.

● Нарт эпос

Пасэрей дунейр сабий́хэм я нэкIэ

Тlажь Борис

«Нарт» эпосыр зщ́Iысымкlэ ди лъхъэнэгъуэхэм уеупщ́Iэ, жхуэп нэс кьоэзытIыфыж куэд абыхэм яхэткьым. XXI лIэщ́Iыгъуэм езым и Iуэху еплъыкIэщ́Iэхэр кьыхилъхьащ: цIыхубэ хьыбарыжьхэм кьыхущ́ыкIыу лIыхъужьхэм я пIэ нуващ́ шоу-бизнесым и «вагъуэхэр», гъэпкъ Iуэрыпуатэр кIуэ пэтми ґьадэщ́Iыдэ жьыжьэм хохьэж. Абы и лъэныкъуэкIэ «Нартхэм я хъуГуэфIыгъуэ» V дунейпсо фестиваль-зэпеуэм.

2008 гъэм Iьэпкъэхэм я унэу Москва дэтымрэ сурэтыщ́I-модельер Пажь Альбинэ и фондымрэ зэгъуэсэу кьыщ́адзащ́ «Нартхэм я хъуГуэфIыгъэ» проектыр. Аращ́ гупым сэ гъэщ́Iэгъуэныр кьыхилъхьащ КъБКъУ-м и доцент Тlажь Борис, проектым и арт-директор хъуащ сурэтыщ́I Iэ́э Тlажь Альбинэ. Iьэпкъэхэм я унэу Москва дэтым и тхэрэкIэ гупым щыгъуу зэадзээпхъуэм зэхальхащ́ фестиваль-зэпеуэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр икIи яубыдыжауэ абы адэкIэ зэрызиужьыну щ́ыкIэр. Зэпеуэм и кьалэн нэхъыщхьэр зи тхыдэр фIыуэ зыльытэу ныбжьыщ́I зэчиифIэхэр дзыгъыныщ́ щ́Iэблэ кьытщ́Iэхьуэр щ́ыпсэу кьэралымкIэ гушхуэныгъэ яхэлъу гъэсэныщ́.

Iьэпкъ щэнхабзэм и кьежьащ́Iэм дезыщ́Iэж, «Нарт» эпосым и псэкупсэ кьулеягъэр зыхэдзызыгъэщ́Iэж сабий́ сурэтхэмкIэ пасэрей дунейжьыр ноБэрей щ́Iэблэм кьаз́эрыщ́ыхьэр наIэ? кьещ́I а зэхьэзэхэ́ум. Абы дэ гъэщ́Iэгъэн куэд кьытпечъаплъэ. Сабий́хэм я гупсысэкIэр, я ныбжьыжьхэм я гуныкьуэгъэгъэр дагъэщ́ абыхэм я гъащ́Iэр кьызэрагъэльэгъуэжьыр и щ́ыхьэтщ́ сурэтыщ́I ныбжьыщ́Iэхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIыр. А Iуэхугъуэм елэжькIэ зэ́ сабий́хэм яхуэзфIокI я творческэ Iэмалхэр нэсу кьызэкьуахыну, щэнхабзэм и кьулеягъэ псори кьахутэну, апхуэдэуи кьыхуреджэ я Хэкур фIыуэ ялъагъуну, яку пщIэ дэлъу, зэхуаГъэм, мамырыгъэм и тельхьэу щ́ытыну.

Зыхуэдэ щ́ымыIэ фестиваль-зэпеуэм хэтащ́ Адыгэ, Къэбэрдей-Балькъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Ингуш, Шэшэн, Абхъаз республикэхэм, Тырку, Сирие, Йордание, Индыжьлыз, Алыдж, Испание, Мароккэ, Хъэрып Эмират Зэгуэтхэр кьэралыгъуэхэм, нэгъэщ́Iуэ щ́ыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу 50-м кьыхэжьа сабий́ мини 8-м щ́игъу.

Фестивалым и лауреат хъуахэм я лэжьыгъэхэр щ́ызэхуэхьэса Iьэпкъэгъуэныгъэм и яп лъэбакъуэхэр Iьэпкъэхэм я унэу Москва дэтым кьыщ́ыщ́Iидзэри, илъэс зыбжанэм кьрнубыдэу ар утыку кьыщ́ыхьэри Анкара, Истамбул, Аданэ, Амман, Налшык, Черкесск, Мэздэгу кьалэхэм. Сыт хуэдэ щ́ыIэм гъэлъэгъуэныгъэр кьыщ́ыззIуахэми, ар щэнхабзэ Iуэхугъуэщ́ыхуэ кьалъытэу, цIыхущ́Iэу кьеклуалIэу екIуэкIащ, Iьэпкъэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуэгъэ гъэбыдэныжьмкIи кьалэныщ́Iэ зэфIыгъэкIыу.

Фестивалым Iэмал кьыдет гупсысэкIэщ́Iэхэр диэу «Нарт» эпосым дриплъэжьну: лIыэпкъым и псэр, и Iьапэ́ныгъэ нэхъыщ́ыхьэхэр, щэнгъасэ гъуэзэхэр гъуэ́ Iьэпкъэхэм я ныбжьыщ́Iэхэм я ныбжьыжьхэм я гъащ́Iэм и щ́ыхьэтщ́ сурэтыщ́I ныбжьыщ́Iэхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIыр. А Iуэхугъуэм елэжькIэ зэ́ сабий́хэм яхуэзфIокI я творческэ Iэмалхэр нэсу кьызэкьуахыну, щэнхабзэм и кьулеягъэ псори кьахутэну, апхуэдэуи кьыхуреджэ я Хэкур фIыуэ ялъагъуну, яку пщIэ дэлъу, зэхуаГъэм, мамырыгъэм и тельхьэу щ́ытыну.

Зыхуэдэ щ́ымыIэ фестиваль-зэпеуэм хэтащ́ Адыгэ, Къэбэрдей-Балькъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Ингуш, Шэшэн, Абхъаз республикэхэм, Тырку, Сирие, Йордание, Индыжьлыз, Алыдж, Испание, Мароккэ, Хъэрып Эмират Зэгуэтхэр кьэралыгъуэхэм, нэгъэщ́Iуэ щ́ыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу 50-м кьыхэжьа сабий́ мини 8-м щ́игъу.

Фестивалым и лауреат хъуахэм я лэжьыгъэхэр щ́ызэхуэхьэса Iьэпкъэгъуэныгъэм и яп лъэбакъуэхэр Iьэпкъэхэм я унэу Москва дэтым кьыщ́ыщ́Iидзэри, илъэс зыбжанэм кьрнубыдэу ар утыку кьыщ́ыхьэри Анкара, Истамбул, Аданэ, Амман, Налшык, Черкесск, Мэздэгу кьалэхэм. Сыт хуэдэ щ́ыIэм гъэлъэгъуэныгъэр кьыщ́ыззIуахэми, ар щэнхабзэ Iуэхугъуэщ́ыхуэ кьалъытэу, цIыхущ́Iэу кьеклуалIэу екIуэкIащ, Iьэпкъэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуэгъэ гъэбыдэныжьмкIи кьалэныщ́Iэ зэфIыгъэкIыу.

Фестивалым Iэмал кьыдет гупсысэкIэщ́Iэхэр диэу «Нарт» эпосым дриплъэжьну: лIыэпкъым и псэр, и Iьапэ́ныгъэ нэхъыщ́ыхьэхэр, щэнгъасэ гъуэзэхэр гъуэ́

Тlажь Альбинэ
Сурэтхэр **Анчокъуэ Мурат** *трихащ.*

джэм кьыщ́ыщ́ыхуэ́эу абы хьыбольагъуэ. Нарт лIыхъужьхэр адрей лъэпкъхэм я Iуэрыпуатэхэмрэ хьыбарэхэрэ кьахущ́ыжьхэм зырещ́ыхьэм наIуэ тщ́ещ́ дуней хьурейм тет псори зы псэкупсэ кьулеягъэ гурым дыззрыщ́ыззрипкъэр.

2012 гъэм «Нартхэм я хъуГуэфIыгъэ» фестивалыр щэнхабзэмкIэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и саугъэтыр кьэзыкьыну щ́Iкьунухэм яхэтынущ. А Iуэхум екьулIэныгъэ щ́Iэну ди гуапэщ́!

ГРИГОРЬЕВЭ Татьянэ.
«АиФ»-м и кьыдэкIыгъуэ щхьэхуэ «СтоЛИЧНОСТЬ».

* * *

***Фщ́Iэуэ пIэрэ фэ Абхъаз Республикэм щыIэ Гагрэ кьалэм Нартхэм я уэрам зэрыщыIэр? Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ уэрамхэм ущрихьлIнчуг Щ́ынвал, Бесльэн кьалэхэмк. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэщ Нартхьалэ кьалэ, Нартан къуажэ, Iэдиныху («Нарт» эпосым хэт пщащэм и цIэщ) жыIэ. Нужьрейм и у

Зэманым и лІыхъужь

Мэлыжьыхьым и 23-м Соснэлы СулътІан къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу

Соснэлы СулътІан

Соснэлы СулътІан и щІэр Кавказым и тхьацІэщІэм щыгъуазэ дэтхэнэ зым и дежкІи адыгэ лъэпкъым и пщІэр гум щызыІэт дамыгъэщ. ЛІыхъужьхэмрэ цІыху хахуэхэмрэ пасрэй хьыбархэм щыпсэуу, нобэрэй гъащІэм ІкІыбэ зехьэпІэ къуимыт хуэдэу кьыфІощІ тхьдэр блэкІа зекІуэм езыпх цІыхум. Ауэ зэманым езым и прытхэр кьызэрыхихьыжр зэрыпэжыр Іупщі мэхъу дыззэсжауэ кьыддекІуэкІ гъащІэм фІым и щапхъэу къуэ зырызхэр кьыщыпцІыхукІэ.

СССР-р ЗЭХЭКЪУТЭЖУ абы хьихьэ лъэпкъэр я щхьэхуитыныгъэм щІэхьэупс щыхъум, мамырыгъэм и уасэр фІыуэ хэхьуащ. Іуэхуфі кьэс захуагъэм щІэбэн лІыхъужьхэм я пІэщІэту тепщэныгъэм хуэпабгъэ щхьэзыфІэфІхэри утыку кьорихьащ. Абыхэм я зэхуаку кьыщыхъеі кьаугъэхэращ лажьэуэрэ шхэм цІыхубэм и гупсэхугъэр кьэзыгъэтІасхъэр. Зи гугъу тщы илъэсхэм Соснэлы СулътІан Кавказым и бгырыс лъэпкъхэм я конфедерацэм мамырыгъэр хьумэнымкІэ и унафэщІт. Арщ щхьэусыгъуэ хуэхьуари абы Абхъазымкі кІуэ гъэзгур пасэу зэрыпхишам.

Куржы-абхъаз зэрыхьэгрнйм и гуащІагъуэр кьыщыбІлэгъам Соснэлым и нЫбжьыр зэрыхъур илъэс 50-т. Ар подполковникт, Сызрань дэт Авиацэмкі эджапІэмрэ маршал Жуковым и цІэр зезыхь академиемрэ кьиухри илъэс зыбжанэкІэ СССР-м и уэзгур зыхъуэмэ дзэхэм кхъухьлъатэзехуэу, иужькІэ авиацэмкІэ Іуэхущапіэм и унафэщІу іэжьат. Кавказым и мамырыгъэ хъумэныр кьыдэлъхьумэхьум, лъэпкъ зэхэгъэж жыхуэІуэр, ауэ осетинхэмрэ ингушхэмрэ, куржыхэмрэ абхъазхэмрэ я зэхуаку дэтэщ, зым адрейм бгъэдыхьэпІэ кьыхуригъэгъуэтыным еплаІэу. Зауэр кьэхъея кьэпхъэ, ар а Іуэхуэм нэхъри нэхъ жьыдкэру хэлэжьыхьа фІэкІа нэгъуэщІ кьалэн и пщэм димылъхьажауэ жыпІэ хьунущ. «Дэ дыхэзаурэ икІи куржыкъым, икІи сонэкъым, икІи мингрелкъым, - телевиденэмкІэ зыжьхуитпэзащ Соснэлым абхъаз цІыхубэм зауэм и ягъэ кьэзыхэм. - Дыззэзауэ абхъазыщІэм кьэкІуэу цІыхухэр зэтелэзыукІэ зэрыпхъуакІуэрэ. Абы пэщІэтныир дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и кьалэн лъапІэщ. ТекІуэнагъэм фыщтмкІэ, ТекІуэныгъэрэ жьыжьэ щымыІэу кьыщІэкІащ. Апсныр хуит щыхъужа махуэм Соснэлым Ингур псыежэхым щыщ кьригъэхъуэрэ, Абхъазым и президент Ардзинбэ Владислав бийм хэкур зэригубгъам и щыхьэту, абы иригъэІубыну ежьащ, хьыбарыфІыр яп езым лъигъэЗэсмэ и гуапэу.

Ильэс зыбжанэ дэкІыу бб ныбжьым ит генерал Соснэлы СулътІан дунейм щехьжым, хьыбар гущІыхьэм абхъазыщІыр зэлъищІысащ. Ардзинбэ Владислав абы и унагъуэм кьыхуэгъуэзауэ щыташ: «Соснэлы генералыр игъащІэкІи дигу илъынущ лІыгъэм, щыпкъагъэм, захуагъэм и дамыгъэу. Абы тхыгъэм щымыкІуэдыжын Іуэхьэ зи лъэпкъыр мы зауэм зэрыщытекІуэнур хьэкъщ».

Абхъазхэм Соснэлым кьыхуаІэ фІыльагъуныгъэр абы кьыхуагъэфэщащ усэхэми, и щІэр зыфІащащ уэрамхэми кьащыта кавказ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр кьыхэфІэгъэувэжьыным хэлъхьэныгъэшхэу хуищІащ».

ЛІыхъужьым зэрихьа лІыгъэр цІыхухэм хьыбар кІэщІу кьаІэрихьэ щхьэкІэ, ар езым и гъэсэныгъэмрэ и зауэжьныгъэмрэ уэзыхуагъэхьэзыр, гъащІэм и кІуэщІкІэ зыхуэІуэ лъагапІэщ. Сультан и кьуэш нэхъыщІэ Анатолэ ягу кьеГъэкІыж зэрыщІыкІыр и ешхъыжьр анэм хуэжьІэщІэу, еджэнкІи, лэжьэнкІи, цІыху хэтыжІэкІи яп э кьищ щымыІэу зэрыщытар.

Генералыр Къэбэрдейм щызыщІыхуахэмэ зауэм кьыдыхэтахэмэ ягу кьагъэкІыж ар цІыху зэпІэзэрыту, щабэу, псалъэ лей жимыІэмэ нэхъ кьищІэу зэрыщытар. Ара кьыщІэкІынщ лІыгъэ нэсым и щыфІэлІыфэри зыхуэдэр. ХэзымыщІыкІым кьыфІощІ иджырей тхьцІэм и зауэ Іэнатіэр нэхъ тІасхъэу, псэм кьытехьэлъэ гуГуеХьрэ хьэзабэ абы цІыхум щишэчыну кьыхуимыІхуэу. «Си дежкІэ къэдкІэ нэхъ тынш хьунут цІыхум хэкІыпІэ къезытын унафэ сщІы нэхърэ сэ езым Іэщэ сІыгъыу зауэ Іэнатіэм сыІутэм», - игу кьиІэ гъэкІыжырт бийм псэууэ зыкьыІэримыгъэхьэн щхьэкІэ сыт щытуэри зы щэ и щхьэм хуэзыхьумэу щыта СультІан.

Абхъаз дадэхэм ягу кьинэжащ ахэр Соснэлым деж лъэІуакІуэ кІуауэ зэрыщытар. Ди сэлэтхэм я гъэгур зэпиупщІу гуБгъуэ лагъыкІэ бийм щыщІигъэтІылъыкІым, нэхъыжь зыбжанэ штабым кьекІуалІэри генералым кьеІэуащ: «Дэ фяпэ диту лагъымыр зыщІэлъ губгъуэм дрикІуэнщ». Соснэлым абыхэм жэуапу яритар тхьцІэм кьыхэнаш: «Дэ тхуэзэфІэкІыхькІэ ар фэдгъэщІэнкъым. Ауэ апхуэдэ гукъэкІ эиІэ нэхъыжь зэрыс пІэпкъыр мы зауэм зэрыщытекІуэнур хьэкъщ».

Абхъазхэм Соснэлым кьыхуаІэ фІыльагъуныгъэр абы кьыхуагъэфэщащ усэхэми, и щІэр зыфІащащ уэрамхэми кьагъэльагъуэ. Щыхур фІыуэ щІыпІлагъум и деж ар уэ уэщхьу кьыхэзыфІыбогъэщІ. «Ар апхуэдизкІэ ди гъащІэм ешуу Іуэху агъэтІат, кьыздальхуауэ, мыбы кьыщыхьуауэ фІэкІа пщІэнтэкъым, - игу кьеГъэкІыж Абхъазым зыхъумэжьныгъэмрэ я министрым и кІуэдзэу зауэ зэманым тэмма Арбзинбэ Павел. - СультІан сабийхэми, балигъхэми, ныбжь зиІэхэми я псэм щекІуэжІыр зыхигъэтІ, псори игу тригъэхуэфырт. ДакьикьитхуэкІэ кьыбгъэрэта щыхур абы бгъэдэкІыжьыфІыртэкъым апхуэдизкІэ езым хэлъ нэмысщхьэмэ хабзэмкІэ, зыбгъыкІэмрэ зэпсалъэ пщІэ хуищІымкІэ кьыщихьэхьрти».

Абхъазхэм я щхьэхуитныгъэр кьаІэуэ щхьэкІэ, ар политикэ и лъэныкъуэкІэ Іуэху тІасхъэу кьыззэрыпэр щызыпхагъэІыкІым Соснэлым и Іуэху еплъыкІэр утыку кьрилъхьащ: «Псори зэльытар Урысейращ. Ар Абхъазым и хуитныныгъэм щыхьэт техьэхьэщ, зэфІэкІащ». Генералым зэрыжиІауэ, нобэ Апсныр пІэпощхьэпо нэхъ гуГуысыгъэхуэ кьыззэшІэнэкІа кьэрал щхьэхуитщ. Апхуэдэ насыпэ абхъаз лъэпкъым зэригъэтам Соснэлы СультІан я пашэу мафІэм хьыха ди щІалэхэм я псапэшхуэ хэльщ.

«Соснэлы СультІан Абхъазым и тхьдэщІэм кьыхэлъдыкІ лІыхъужьхэм ящыщІ, - итхьжащ Бзэгъэпэ Сергей. - Ар гущхуэ зыкІуэщІыпІ, удэлэжьэнуи удэуэрэшрэныуи гухэхьуэ цІыхут. Дэ, абхъазхэр, гугъуехь дыщыІущІэм, ди насыпэ кьиІащ апхуэдэІэ Іэпыкьыгъуэ дгъэтыну».

Подполковникыу щІэзыдза Соснэлыр зауэм и кІэм генерал-лейтенант хьуакІэт. Хьыбар кьэрахьэкІ ар Абхъазым зыхъумэжьныгъэмкІэ и министру лэжьэху Куржым и Іэнатіэ дыдэр зезыхьэу генералилпІ щыізэрахьуэкІауэ.

Куэд щІакъым Соснэлы СультІан и щхьэгъэуэ Любэ ди редакцэм кьызэрыщІыхьэрэ, ар нужь итщ генералым теуэауэ гухэкІыж щыІэжэр зы тхьІылъым итщ кьыдигъэкІыжьыну. Пасэу дунейм ехьажа я щІалэ закъуэри, зэшззэпІэу узым нубыда щхьэгъэсэри зэман кІэщІым кьриубыдэу зыІэщІэжа Любэ закъуэнигъэр кьызэрыітехьэлъэр ибзыщІыргъэным. Хабзэщхуэ зэрыль унагъуэ зэрисар щыжиІэм, и гуащэмрэ и щхьэгъуэзмрэ фІыкІэ игу кьыщигъэкІыжьым, дытегушхуэри, СультІан дильэгъуахэм щыщ гъэрым и гугъу ищІыну дельэІуащ ди хьэщІэм. Любэ и фІэфІу нобэр кьызідэсым езым игъэщІагъуэу щыта гуэрхэм тхутепсэлъыхьащ. Апхуэдизу щыщхэмыгъаззу щыт щыхухьэр кьызэрыгуэкІ псэукІэ Іуэху гуэр хъуамэ жьІэзыфІэщу, Іуэху блэкІкІэ хэпІлъхьышхуэ ищу зэрыщымытар жиІащ. «Бззэрым дытехьэрэ дкІуэ и нэгъуэщІ ерыскъы гуэр кьэтщхэуэм, сэ цІыхубэ хьэлу набдзэгубдзапІлъэу зэпыспІлъыхьыт, укьагъэпцІэнкІи мэхъу жьысІэу. Езым «СыбогъэуфІэгъэ, зиунагъэрэ, адыгэ цинщэкІэ кІэлъыплъыжьым хуей абы?» жиІэ хабзэт. Дыщипсэу лъэхъэнэмрэ пасэрей адыгэхэмрэ я эхуакиу эман дэмыту кьыфІэщІым хуэдэт».

Езы СультІан адыгагъэ щымыІэжу ябжьым и щапхъэу зэрыщытар дыщІыбгъужьмэ, Любэ кьытхуиІуэтэжам гъэщІэгъуэн хэлъкьым. ИгъащІэ лъандэмк жаІэ: щІыхуэхр уэ кьызэрыпхущІытыну ухуейм хуэдэ дыдэу уэрэ яхущІт». Ар адыгэ пэсу щытыну хуейти, дэтхэнэ зыми адыгэну Іэмал иритыт.

Саугъэтхэм цІыхум ищІар нэсу кьыгъэлъагъуэу пхужьмыІэнуми, абыхэм лІыхъужьжыр зрикІуа гъуэгум и лъэужь кьыгранэ. Соснэлым «Абхъазым и ЛІыхъужь», «СССР-м щыІэ зиІэ и кхъухьлъатэзехуэ» цІэ лъапІэхэр кьыфІащащ. Бэракъ ПлъыжькІым, Невский Александр, «Хьыдз-Алша» орденхэр кьыхуагъэфэщащ. Ауэ дамыгъэхэм я нэхъ лъапІэу абы кьыІэрыхьащ куэдым гъащІэм кьаримыт Іэмал гуэррэдджэ - лей кьыІэтехьа лъэпкъым и кьыщыщІэмкІэ ди пІэм хьунымрэ цІыхухэр ккьыхэрэзэуэу дунейм ехьыжьынымрэ. Абхъаз лъэпкъыр лъэпкъ уардэ зыщІыжьыфахэм яхэтэ Соснэлы СультІан и зэфІэжьыр нобэ ещІэжьмыгъэ Іуэхуэм пыщІа-кІыну кьалъыхьэу щапхъэхэм хуэдэщ. Ар зэдзэмызэ и ильэс бльщІыр кьызэрыбльэзам иджыри зэ дигу кьегъэжьыхуагъэфащащ. Ауэ дамыгъэхэм я пэ напэр изыгъэщащ адыгэ щалэхэм ятеухуэ тхьилъыр зэкІэ намытхъисами, абы кьеджэну хуэпабгъэхэр зэрыгъэнэжьыж.

ЧЭРИМ Марьянэ.

Къарэмырзэ Фаризэт

Зумакулов Борис къопсалъэ.

Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ Къарэмырзэ Фаризэт адыгэ дамыгъэхэм, тхьпхъэхэм триуху и лэжьыгъэхэр.

ГъащІэм къыхэтэджыкІа тхьпхъэхэр

●Гъэлъэгъуэныгъэхэр

МУЗЕЙ блынхэм фІэльщ лъэпкъ тхьпхъэ зэхуэмыдэхэр кьызэрыщ сурэтхэр. Абыхэм цІыхІущхэу я зэрепщІар и щыхьэтщ а лэжьыгъэхэр зэрафІэгъэщІэгъэным, пасэрейм кьыщежьами, нобэрей гъащІэм кьызэрезэгъэным. Псом хуэмыдэу гуапэт зэхэлъхэм куэду кьекІуэлІа щІалэгъуалэм адыгэ тхьпхъэхэм я мыхьэнэр кьаззэрыгурыІуэр. Абыхэм яфІэгъэщІэгъуэнт адыгэ фащэм щыщІэдзауэ унэльащІэ нэгъунэ а тхьпхъэхэмкІэ зэрагъэщІэращІэр. Фаризэт и лэжьыгъэхэм ущелькІэ нэрылъагъу пщІоху езым и хьэтІ, и гупсысэкІэ, и цуэнт епІыкІэ зэриІэжьыр. Апхуэдэщ, «Танец пламени», «Зарождение», «Подводный мир», «Лесная нимфа», «Настенное украшение», «Стремление ввысь», «Мои мысли», «Свой взгляд», «Оазис», «Неизведанное», «Дух огня» зыфІища сурэтхэр, нэгъуэщІхэри.

Лъэпкъ музейм и унафэщІ **Накуэ Феликс** зэхьхьэр кьыщызэІуихьым, кьыхигъэщащ Фаризэт и Іэдакъэ кьыщІэкІа лъэпкъ дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм адыгэхэм кьакІуа гъуэгуанэр, я тхьцІэр кьызэрыщыжьыр.

Республикэм иц цІыхухэм я хуитныныгъэр хъумэныкІэ уполномоченэ **Зумакулов Борис** псалъэ щратым, мы зэзэхьэм зэрыгъэгъэблагъэр гуапэ дыдэ зэрыщыхъуэр жиІащ. Абы щту кьыпхъэкІыжащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм щыщылэжьам Фаризэт Іэнатіэ щхьэкІэ зыкьхъухунгъэзауэ зэрыщытар икІи абы нобэми и Іэщ Іагъэм хуэмыдэ зэрыгъэзэщІэр.

АБЗУАН Пщымахуэ.

●ЩІЭ

«Іуащхьэмахуэ» журналым и етІуанэ къыдэкІыгъуэр

«Іуащхьэмахуэ» журналым мы гъэм и етІуанэ кьыдэкІыгъуэр дунейм кьытехьащ. Ар кьызэІуех филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор БакІуу Хьанджэрий «Лъэныкъым и гум кьыпсэлъыкІа тхакІуэ» зыфІища тхыгъэмкІэ. ЩІэныгъэлІым и тхыгъэр триухуащ адыгэ литературэм, щІэныгъэм,щэнхабэм хэлъхьэныгъэщхьэхухэмщІа ІуТІыкъ Беркъ, абы нужь илъэсхэм итхагъэм ящыщ «ГущІэнжь» тхыгъэм. БакІуум зэрыжиІэщи, ІуІыжьым Іэрыгухэм щІидза ёжьыгъэм тещІыкІыжьэ, мыр щитхар 2005 гъэрц. «ГущІэнжь» повестым и нэщІэнхэри, драмэм и хьэлхэри хэтщ. И композицэ зэхэзыгъэжьІкІи мыбы хуэдэ ди литературэм щІыкъым. Журналым тредз «ГущІэнжь» тхыгъэр.

«ЯФІЭПСЭУАХЭМРЭ ар зыльъэмыкІаХэмрэ» - арац фІищар КъБР-м кьоІуэ Мухьэмэд и тхыгъэм.

Къэрэшей-Шэрджэсым и адыгэ тхакІуэ пажэхэм ящыщу щытащ Брат Хьэбас. Мы кьыдэкІыгъуэм тетщ абы и «Жюнэбзу» рассказыр.

Иужьрей зэманым зи уэсэ хьарзынэхэмкІэ дызыІэгуфІэ усакІуэщ Кьармэ Іэсият. Мы кьыдэкІыгъуэм Іэсият и уэсэ Іэрамэтіащ, ар усагъэр фІыуэ зыльагъуэхэм ягу зэрырихьыным щэч хэтыкъым.

Мы гъэм и мэлыжьыхь мазэм ящІэсащэ ирикъуащ тхакІуэ Теуэн Хьэчим къызэралъхурэ. Журналым абы теуэауэ тридзащ филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор ХьакІуащэ Андрей «Зи Іэужьхэр ин тхакІуэ щэджащ» зыфІища тхыгъэр, Елгъэр Кашиф и гукъэкІыжхэм ящыщщ «Абы и щІэри и іэжьыгъэхэри дэркІэ лъапІщІ» зыкьуІэр. АджІэ тетщ Теуэн и «ЩэджэмокІуэ лъэпкыр» романым щыщ Іыхьэ.

УсакІуэ Балъкъэр Фоусэт кьызэралъхурэ ильэс 80 зэрыхьуам теухуауэ журналым тридзащ усакІуэм тепсэлъыхь тхыгъэ кІэщІрэ абы и усэ зыбжанэрэ.

Дызэрыт ильэсыр зи юбилейхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьэ тхакІуэ Шэджыхьэщ Хьэмыщи. Псэужамэ, ар мы гъэм ильэс 80 ирикъунут. Журналым тридзащ тхакІуэм тепсэлъыхь тхыгъэ кІэщІрэ и рассказ гуп рэ.

Мы гъэм ильэс 75-рэ ирикъунут тхакІуэ, драматург Журт Биберд. Абы и творчествэм топсэлъыхь Мыз Ахьмэд «ТхакІуэ зэчиф Іэт. Псэ хьэлэт» зыфІища тхыгъэмкІэ. АджІэ журналым тетщ Журтым «Сэ зуэм сыщопсэу» и повестым щыщ Іыхьэ.

Ильэс 70 ирикъащ тхакІуэ, щІэныгъэлІ Къэрмокъуэ Хьэмид. Абы ирихьэлІэу журналым тридзащ Къэрмокъуэм и тхыгъэ хьыбархэм ящыщу «ТІощІыр - щІакъуэщ», «Нартхэ я жьылапхъэ», «Хьым мафІэ щІидзэркъым», «Сосрыкъуэгъэ иныжьхэмрэ» жыхуиІэхэр.

Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ усакІуэ АбыгІэ Хьэлиф и ныбжьыр ильэс 70 ирикъуащ. Журналым тетщ абы теухуа тхыгъэрэ и уэсэ зыбжанэрэ.

Адыгэ литературэр джыным, абы цІыхуэр щыгъэгъуэзным куэд щІауэ ІолэжьщІэныгъэлІ, критик ТхьэгъэзэнІ Юрэ. Зи ныбжьыр ильэс 65-рэ ирикъуа щІэныгъэлІым «Іуащхьэмахуэм» и хьэщІэщым щепсэльащ журналым и лэжьакІуэ ХьэЛупщы МуІэд. Ари мы кьыдэкІыгъуэм кьыщыбгъуэтынущ.

АджІэ «Хьэжэ и кУэбж» псалъащхьэм щІэту журналым тридзащ тхакІуэ Нало Заур итхьжа «Кьуэдзокъуэ ТІлиб и хьыбархэм» щыщу «Дзэгъэшынэу зыу закъуэ», «Вранцоф-Дашкиным и жэрыр», «Пащтыхьыжьыр зытеКІуэджа сэшхуэр», «Франджы пащтыхьым и пхъур» жыхуиІэхэр.

ЕХЛАКОВЭ Ириндж.

Сурэтхэр КЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

●УГИБДД-м къет

Зы хэкІуэдащ, адрейхэм фэбжь ягъуэтащ

Мэлыжьыхьым и 18-м сыхьэт 11-рэ дакьнкъэ 45-м «Шэджэм 2 - Шэджэм Ищщ» автомобиль гъуэгум аварие къыщыхъуащ.

ЛАШЫНКЪЕЙ къуажэм дэт школхэм щеджэ сабийхэр гъэгубгъуэм Іут жьыгъэм елэжьырт. Ахэр сэху зэрыт кІуфыбгъэдыхьэм ирихьэлІэу ВАЗ-2121 «Нива» автомашинэр кьажьэхэуащ.

Шэджэм лъэныкъуэмкІэ нкІ «Нива» автомашинэм и рулым дэс 1987 гъэм къалъуа лашынкъейдэсым шофер тхылъ иІэтэкъым икІи чэфт. Рулыр хуэмыгъэІурыщІэу абы гъэугубгъуэм деж щыт ныбжьыщІэхэр иридащ. Метр зыбжанэкІэ кІууэ УАЗ автомашинэм и шоферым зыкъуащ. Илъэс 13, 14, 17 хъу ныбжьыщІэхэм фэбжь хьэлъэ ягъуэтауэ Республикэ сымаджэщым яшащ. Сабийхэм ящыщ зыр реанимацэм щІэтащ. Епланэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ иратри яутІыпщыжащ. УАЗ-м и шоферыр хэкІуэдащ.

ВАЗ-2121 автомашинэр зезыгъакІуэр кьыщыуІыпар авариер кьыщыхъуам метр 500-кІэ пэІэщІэ хьуа нэужьщ. Зэрыкъуаншэр зыхищІэри, ар щІэпхъуэжьыну хэтащ. АрщхьэкІэ, ГИБДД-м и Шэджэм район къудамэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ. Инспекторхэм фадэмэ къащІихьати, къеплъа дохутырым ар зэрефар нубзыхуащ.

Чэфу рулым зэрыдэтыпхъам кьыхэкІыу, шоферыр зэкІэ сутКІэ 15-кІэ яубыдынущ. Унафэ кьэзыщтэнур зэзыгъэкІуэж судыщІэрщ. КъБР-мкІэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм едджэгуэ зэманым сабийхэр гъуэгум и гъунэгъуу кьыщІыщыхутар зэхигъэкІыну и мурадщ.

ЕХЛАКОВЭ Ириндж.

●Абы дегъэпІейтей

Наркоман зэхуэсыпІэ ищІат

Налшыкдэсым и фэтэрыр мазищым кьрифыбдзэу наркоманхэм я зэхуэсыпІэу щытар, Езым зрихьэлІэнрэ кьыпкъыгъуэу, абы кьекІуалІэхэр щхьэхьыр зэрагъэхьэзырыну хьэпшыпхэмкІэ кьызэригъэпщыпт.

НАРКОПОЛИЦЕЙХЭМ Іуэхугъуэ пыуухьІакІэхэр щрагъэкІуэжьым, наркотикхэр зыбжанэрэ щагъэхьэзырэуэ икІи щызэрахьэлІауэ яубзыхуащ. АбыкІэ хуитныныгъэ яІэу фэтэрыр кьыщащым Іущхьэ жэпкъым кьыхэкІыкІа наркотикхэкІ грамми 5-м щІигъу кьытрахащ. Быслымым зэрыжриІэмкІэ, ар ихьуэрт езым зрихьэлІэн папщІэ.

Урысейм Наркотикхэм пэщІэтныныкІэ и федеральнэ кьуэлыкъым и управленэу КъБР-м щыІэм и Следственнэ къудамэм абы теухуа уголовнэ Іуэху кьиІэтащ. Щэч зыхуащІыр къуанщэу кьыщІагъэщІэ, ар илъэси 3-м щыщІэдзауэ 10-м нэсыху ягъэтІысынкІэ хьунущ.

СУАНОВЭ Залинэ.

Іэпщэрыбанэ

Тэхъур ягу къагъэкІыж

Зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда КъБР-мкІэ МВД-м и лэжьакІуэ Тэхъу Артур и фэепІэу ІэпщэрыбанэмкІэ республикэ зэхъэзэхуэ «Налшык» спорт комплексым щекІуэкІащ. Абы хэтащ цІыхуи 150-рэ кьызэщІэзыуфыда команди 10.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР кьыщызэІуахым кьрихьэлІащ КъБР-м спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министр АфІэунэ Аслъэн, УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и унафэщІым и кьуэдзэ Щоджэн Кьадир, хэкІуэдам и Іыхьлъэхэмрэ ныбжьэгъэсакІэхэмрэ, журналистхэр.

Командэ зэхьэзэхуэм щытекІуащ «Куба- гупым и спортсменхэр, Арщыдан, Лашынкъей кьуажэхэм я командэ кьыхэхэахэм етІуанэ, ещанэ увыпІэхэр зэдагъэшащ. Зэхьэзэхуэм щытекІуахэм кубокхэмрэ дипломхэмрэ, ахъшІэ саугъэтхэр ирагащ.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

Мини-футбол

КъБКъУ-р япэ йощ

«Калашниковым и цІэр зезыхьэ Урысейпсо жылагъуэ дзэспорт зэгухьэныгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэмрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІащ мини-футболымкІэ щІалагъуэм я республикапсо зэхьэзэхуэ.

«КъБКъУ», «ВСС Калашникова», «Минги-Тау», «Волонтеры КБР» топджэгу командэхэр щызэІущІащ университетым и спорт-комплексым. Зэпеуэм и кьалэн нэхъыщхьэу щытар ди щІыналъэм щыпсэу лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм яку дэлъын хуей мамырыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ, хэкупсэ гъэсэныгъэм и кьежьапІэу кьалъытэ спортым ныбжьыщІэ нэхъыбэ дегъэхьэхынырщ.

Зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым бжьыпэр щиубыдащ икІи щытхъу хтыльыр кьаратащ. ЕтІуанэ увыпІэр «ВСС Калашникова»-м лъысащ. Волонтерхэр ещанэщ.

Мы зэпеуэм я щІэ кьыщрагаІуащ футболист нэхъыбэхэу Уанащ Іэ Заур, АулъэАхьмэд, Зенин Игорь сымэ. Абыхэми саугъэт щхьэхуэхэр хуагъэфэщащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

КъыфIэдзэ си бзэгум

● Псалъэ шэрыуэхэр

И хьэсэпэ здынэс нщIэжырккым.

«И пIэжIыныгъэр зыхуэдизыр нщIэжырккым» жыхуиIэщ. Жылагъуэм щигъэзащIэ къалэным хуэмыфащэу щытым, зи мыIуэху хэIэбэм теухуауэ кьаплъэпэть.

КъыIэрызащамкIэ узощэж.

Зэрызэхэсха дыдэм хуэдэу бжызоIэж. ЖаIэр зэрыпэжымкIэ шэсыпIэ щимыуВэм деж кьапсэпэть.

КIапсэр и псыгъапIэм щызэпоч.

Зи Iуэху мыхъум нэхъ Iенж къыщыхчъуэкIым деж кьапсэпэ хабзэщ.

И щхьэр ткъуэтъу и пIэр ткъуокI.

ПэжкIэ къыббгъэдэмытынэу цIыхум хужаIэ.

Къэзыдыгъур зы гуэныхьщи, зыфIадыгъур гуэныхьищщ.

Диным екъэлIащ. Зыгъэр зыфIадыгъуам куэдым шэч зэрахунщI, зэратриIтхьэм - «я гуэныхьхь къаззрытрихым» - щIхьэкIэ апхуэдэу жаIэ хабзэщ.

КъыфIадзэ си бзэгум.

Хьуэжэ и махуэр къызыхуэкIуам - кьыжьэдэкIа псалъэм и зэранкIэ щытыкIэ гугъу нувам-гушыIэ щыкIэу жиIэ хабзэщ.

МафIэ здэщыныIэм Iугъуэ щыуркъым.

Псори зыгуэрым кьыхокI. Нэхъ щыжаIэр зи пэжыпIэ дыдэр мыбеджыкIыу хьыбар, псалъэмакъ гуэрхэр щызэрахьэм деж.

ЩАУЭ Къэлидар.

Iуащхьэ щыгум ит шу

Жэмыхъуэрылъху Лъэпахъуэ и блогым къисхащ

***Хьым сызэрихьэу, Жэмыхъуэрылъху и блогым сыкIуэцIрыплъ си хабзэт, къэхъукъащIэхэм щыгъуазэ захуэсщIыну. Абы къизджыкIащ: «Дунейпсо джэгуу тенджыз ФыщIэ Iуфэм щекIуэкIынум теухуа фи тхыгъэхэр кьыпIэрохьэ. Фыкъызыдгъэзгъащи, гъэкьыгъэ нэхъыфIыр зейм тыгъэ хуэтщIынуг». Абы итт тхыгъэ куэд бзэ зэмыкIуэжьыгъуэхэмкIэ тхауэ. Иджырей ди адыгэбзэмкIэ зыри къыщинэмыгъуатэм, абыхэм ящыщу нэхъ сигу ирихьар фхуэзэдзэкIащ.**

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

ХЬэщIэ псоми Iуащхьэ щыгум шу тету яIъэгъуащ. АрщхьакIэ, яущхуащ, а яIъэгъуэр пщIыхьэпIэу кьаплъитати.

Нэхущым и щхьэр щхьэгъубжэхэм кьыдагъэжри, Iуащхьэр кьаплъыхьуэр: Мес!

ИIъэс дапщэ хьуауэ ар щIым хэIэтыкIауэ щыт? Зыми кьыхуэбжакъым. КьащIыхуэмыбжым, щIыр щымыджэмыпцIэ гъандэрэ щытщ, жаIащ.

Пэрымыльагъумэ, кьащIыхуам, кьащIымыхуам, Iуащхьэ щыгум тету яIъэгъуа щур - пщIыхьэпIэр, таурыхъыр хьэщIэхэм куэдрэ я нэгу щIэтащ ямыIуэтэжу; яIуатэмэ, ямыльагъужыну кьащцыхьурт. Ар и нэгу щIэту зэхьэзэхуэм хьихьэм, кьарау щхэу кьыпкIэрохьэрэ, текIуэныгъэ кьыщцехь. ТекIуэныгъэм и IэфIагъыр зыхэзыщIар пщэдджыжьым щхьэгъубжэмкIэ доплъри, Iуащхьэм тет щIым йоIъэу, нобэрей зэхьэзэхуэмэ и кьарум щыщ кьыхьилъхьэну.

Щыри Iыри зыпкъ гъэжауэ Iуащхьэм тетщ, тенджызым хоплъэкIри. Щыр кьыщцыхьауэ щыта тенджызым лъащIэр игу кьэкIа! ЛIыр зыщапIауэ щыта абджыпс унэр кьаджэу зэхиха! Тенджызым хэс бдзэжьейр абы льандэрэ и бзэр нубыдауэ а зэрыбзагъэщ.

ЛIъэныкъуэ псомкIи кьикIа хьэщIэхэм а тIум я Iуэхум зыри хащIыкIыкIыр, ауэ шымрэ лIымрэ я зыныгъыкIэр ягу ирохь, я псэм дохьэ, хуейщ я зэпIэзэрытагъыр яIэну, а тIур зэрызэкIум хуэдэу, езыхэри зыгуэрым деклуфыну, я зэпыбжькъэгъуэм хуэдэ зыхэтхэм яку илъыну, зэрызэгурыIуэм ещхьу, езыхэри зи гъуэхэм гурыIуэну, зы шыт и хуабагъыр адрейм зэрызыхищIэу, яIъагъуэхэм зыхрагъэщIэну. А тIум я жьыкъапIэ нитIыр диIаэрт, жаIэ.

Iуащхьэ щыгум тет щIым зигъэльагэркъым, зигъэпагэркъым, абы и лъэр быдэу щIым хэуКIащ, ДыIгъ закъуэрщ кьыщхьэщцытыр. Ар куэд щIауэ шыбгъим исщ, и псэр Iуту кьыепсыакъым.

...ХьэщIэхэм яIъэгъуар, хэгъэрейуэ щIым и тету зыкъыхьзыфIэщIыжьым лIъэгъуакъым. Абы лIъэгъуар и нитIыр зытеплъэрщ, нэм имыльагъур щымыIэхэуэщ кьызэрыщцыхьур. Ар икьутэу джэгупIэ ящIыну игу илтыр; икьутэн щхьэщIэ зыхуэныкъуэр шы куэдым я кьарур зыхъэть гъущI зэпхащ. Ар игъэщащу щIым хипхъэжмэ, щыIар щымыIэж ищIауэ кьыщцохьуж. Ар Iунхьм, пщэдджыжь къэс абы Iупльэу щытахэм кьащцыщIым егупсысыркъым, зэгупсысыр щIым кьихьыну сом бжьыгъащ. Iуащхьэм тетыр мывэ упсауэщ кьызэрыгурыIуэр. Нэм кIыубыдыр икьутэм, нэм имыльагъури зэрызгъэкIуэнэф-хуэдэгущ.

ХьэщIэхэр щIыпIэ куэдым кьикIат. Дыгъэр кьыщепсми, кьыщемыпсми, щыдзакъэми, щыдзэхащIэми; жэщыр щыкIыхьу махуэр щыкIэщIым, махуэр щыкIэщIу жэщыр щыкIыхьми. Къуиблпсиблар кьызэпачат, Iуащхьэ куэдым щхьэдэхат, псыхьэу кууэм кьыдыдэкIахэт. Гъунэгъуми жыжьэми кьикIахэт. Ахэр зэмыфэгъуэху кьызэхуэсат. Хэт фIыщIэщ, хэти хуэкIыщ. Хэт и нэр щабэу маплъэ, хэт и нэр кьолыдыкI, хэт и нитIыр дэбзыкIащ, хэт ейхэр кьэуфыхьащ. Яхолъагъуэ Iупэ Iуэхэр, махъшэ Iупэр унту кьагъэкIыу. Зи нэхэр щабэу зыгъэпIыхьхьэм, шур пылущ зэральагъур. Зи Iупщlакlэхэр Iуву-Iувхэм махъшэ щытущ кьызэрыщыхьхьур. Я нэр джыдму щхьэщ сырыхухэм, шур дыщафэущ зэральагъур. Сыт хуэдэу яIъэгъуамэ, кьызэхуэсахэм яхэтакъым, Iуащхьэ щыгум ит шум хуэдэ ес. Ар лIы кьуэгъут. Ар зытесыр шы гъур лъэпкъщ. Щхьэгъубжэм дэплъа псомэ а тIум зрагъэщхьыну хэтщ. «Шымрэ лIымрэ зэрыцэкIупс!» жаIэ.

КъэкIуахэм яхэтащ шэрджэс щIыналъэм кьикIахэрэ: Хьэжьыхьэблэ щыщ Шыхьуэ Цуц, Мейкьуапэ зи хэщIапIэ Быщхьэфlэч Пlалэ, Гъуаэзэрблым кьыдэкIа Дыгъужь Шал, Щlэмэз щеджа Уджыхьу Дыхьущокъуэ, Бжьэдыгъухьэлбэдзэхэм лIыкIуэ ящIа Уэзырэкъ Сакъ, Альтуд кьуажэ щыщ Нэрыбгейм и кьунтIыр... Ахэр куэд хъурт.

Шэрджэс хэкум щыщу щIыIэт набдзэ зытетым я нэхъ дахэхэр, я нэхъ хахуэхэр, я нэхъ жэрхэр, я нэхъ щэрыуэхэр. Ахэр псорэ кьудан зашIэт. Iуащхьэм тетыр, кьаззрыхьэпIъэр псэкIэ зыхащIэ.

...Зэдэпхъу-зэшыпхъуэхэм шум и цIэр ябзыщI.

Псоми яцIыхурт Iуащхьэ щыгум тет щур нкIи кьагурыIуэрт макъыншIуэ бзэ игъэIур. ХьэщIэхэмэ зыхащIэрт абы жиIэр. Абы и бзэр кьызыгурымыIуэр щIым и тету хэгъэрейуэ кьэзыльытэхэрщ, Шэрджэс лъахэм кьикIахэм щур ящыщу кьаплъитэрти, щыгтхъу хэмылъу тепсэлъыхьырт. Щыгтхъу жьажьэ щыщхэм дахэщ, уардащ жаIэрт, щытхъу лейр зэрымыфIыр кьагурымыIуэу, щытхъум щытхъур зэребжьIыу, фэрящIагъым зэрыхуэкIуэжьм гу лъамытэу.

Зи гуГу ящIыр хьэщIэ псоми ящыщ хъуащ. Дауэ мыхъунэ, кьызэрыщу арат аХэр зыIупльэр. Ямылъэгуаамэ, кьаплъыхьуэжьырт. И бжьыгъэ зэхуэмыдэ-ри, и гурылъыр яжриащ, текIуэзэнумрэ кьилъжьыжьынумрэ зэпаплъытыну игъэуВащ: щытмэ, нэхъ ефIэр, хьэмэрэ Iуахыу топ джэгуIэ ящIмэ нэхъ фейдэ? А упщIэхэм я жэуапхэр зэхагъэкIыну зыгуэрхэм я пщэ дапльэрэм, зэбгрыкIыжащ.

- МафIэIэтыр кьэсыжа?
- Iуащхьэ щыгум ита шур дэнэ кIуа?
- Iуащхьэ щыгум ита шур цIыху здэщыIэм макIуэ. Тхьэжьыг щIагъым щызэхуэсахэм ар яIъагъу.

Пасэрей алыджхэм щIакхъуэ лIэужьыгъуэу 24-рэ ягъажьэрт. Псом нэхьрэ нэхъ IэфIу кьалыытэр «самидамита» щIакхъуэрат. Ар хьэжьгъэ нэхъыфI дыдэм кьыхащIыкIырт. Пасэрей эллинхэм щIакхъуэу ягъэжьэну тхьэвым хадзэкIхэр, пхъащхьэмыщхьэхэр, кхъуейхэр халъхьэрт. Апхуэдэуи иджырей пыченэхэм, бжьквитхэм, прянихэм ещхьхэр яIыырт.

• • •

Сахариныр япэ дыдэу кьэзыгъуэтар химик Фальбёргщ. Ауэ илъэс бжыгъэ куэд дэкIащуэу ар кьызэрыгуэкI фошыгъум нэхьрэ 500-кIэ зэрыснэхъIэфIыр кьыщахутар.

• • •

Ди эрэм и пэкIэ илъэс 2158-кIэ уэзIэбжьажиз, хитай астрономхэр кIэлъыплъауэ щытащ дыгъэр зэрыкъуильафэм.

• • •

КIыхьагъыр кьызэрабж «метр» пщалъэр Париж щыIэ щIэныгъэхэмкIэ академием кьыхилъхьэри, 1791 гъэм кьащтауэ щытащ. Ауэ ЩIы хъурейм и хэгъэуэгу куэдым занщIэу кьэгъэсэбэныи щыщIадзакъым ар. КъэбгъэпIэгъуэмэ, Урысейм зэрыщыбжэ сажнэр щызэрахъуэкIар 1918 гъэм и фокIадэ мазэрщ.

* * *

Унэхэм бжыгъэ тетхэныр кьыщагупсысар Лондонщ.

● ГъэщIэгъуэнщ

Лондон къыщагупсысащ

Апхуэдэу нэхъ тыншт письмор зейм Iэрыгбгъэхьэжыну.

* * *

Нэгъуджэм и гугъу ящIу щыщIадзар XII лIэщIыгъуэрщ. ГъэщIэгъуэныр зыщ: ар япэ щыкIэ зэрымыщIэкIэ кьагурысса хъуащ, итанэ нэхэм нэхъыфIу зэрыригъэлъагъур къэзыхутар нэмыцэ щIэныгъэлI Кеплерщ (1571-1630). Ауэ абы и ужькIи ильэси 150-рэ дэкIын хуей хъуащ нэгъуджэ щIыным, къэгъэсэбэныным щIэныгъэ пльабжьэ игъэутыным. Урысейм нэгъуджэхэр кьыщагъэссэбэлу щыщIадзар дапщэщми зэхэкIауэ щыткъым. Ауэ 1636 гъэм щыIа зы дэфтэр гуэрым кьызэригъэльагъуэмкIэ, XVII лIэщIыгъуэм и ещанэ Iыхьэм ар зищIысыр ящIу щытащ.

* * *

Гъуэгуэхэм асфальт тельхьэныр иджыри пасэрей Вавилоным кьыщагупсысащ. Ауэ ар тепльхьэн щагъэтыжри, 1712 гъэм Швейцариемкъыщаублэжащ. Абы щыгъуэм асфальтыр унэ щащIкIэ кьагъэсэбэлу арат, иужькIэ, 1822 гъэм, гъуэгум тральхьэу щIадзэжащ.

Къэбэрдей адыгэхэр.
Сурэтыр **Боденштедт Фердинанд** *ищIащ.*

● ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Пэжыр щIэхъуа хъунукъым

Тхьилъым укьеджэу и купщIэр нэсу кьыбгурыIуэным тхакIуэм и пщIэм хуэдизкIэ уи пщIэр кьеIэт.

ПАВЛЕНКЭ Петр,
урыс тхакIуэ.

Пэжыр зэи щIэхъуа хъунукъым.

ЛЕОНАРДО да Винчи,
итальян щIэныгъэлI, сурэтыщI.

Нэгу дахэм нэхьрэ щIыхь лыагэр нэхъыфIщ.

ФУЛЛЕР Томас,
инджылыз литератор.

Пэж дыджыр нэхъ щхьэпэщ щыуагъэ гупэм нэхьрэ.

БЕЛИНСКИЙ Виссарион,
урыс философ.

Щхьэхьинагъэр гъущI улыйм ещхьщ - лэжьыгъэм уэзырыгъэзэшым нэхьрэ нэхъ псынщIу уи кьарур щIех.

ФРАНКЛИН Бенджамин,
америкэ щIэныгъэлI.

Зы цIыхур щыкIуэд щIыпIэм цIыхуитIым зыкъыщагъэлъыжьыфнущ, зыр зым дэIэпыкъуурэ.

БАЛЬЗАК Оноре,
франджы тхакIуэ.

Куэд зи пщэ дэзыльхьэжым куэд хуэзэфIокI.

ГУМБОЛЬДТ Вильгельм,
нэмыцэ философ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **6.** Сабий цIынэ гъыринэр зэрагъэуэдэIу хьэпшып щIыкIу. **7.** ЩIымахуэкIэм кьэгъагъэ, зи лъабжьэр бжьынщIхьэм ещхь кьэкIыгъэ. **8.** Псыхьэ щыкIуэкIэ пэгунитIыр зыфIадзэ пхъэ. **10.** ТхылымпIэм итыр зэрыпэжым и щыхьэту, трагъауэ дамыгъэ. **11.** Литературэ тхыгъэ. **12.** ... имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ. **13.** Пхъашэ, гъур. **16.** ХадзэхэкI. **17.** Адыгэ уэрэдус щIэрыIуэ Тхьэбысым ... **18.** Мусльымэн кьэралышхуэ. **23.** Зиусхьэн лъэпкъ. **25.** Ерыскъыкlэ нэпсей, зызымыгъэщI. **26.** ПщIийр кьызыпыкIэ жыг. **27.** Бжэлульэ. **28.** ЩэкI кIапэльапэ. **31.** ... и щIагъ нанэ щыIэкъым. **36.** Джэд ... и пщIыхьэгъэщ. **37.** Адыгэ псальэжьым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхур щыту малIэ. **40.** ... цIыкIу бжьакъуэшхуэ. **42.** Псори ехьуапсэу ещжакIуэ ныбжьыщIэр ... дахэкIэ матхэ. **43.** ЦIыку жейм е сымаджэм кьыжьэдэкI псальэхэр. **45.** Пасэрей адыгэ зауэлI пыIэ. **46.** Iэщlэ-выщIэ. **47.** Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щIыналъэхэм щыIэ псыежэх. **48.** Мэжджыт кIуэцIым иIэ уаз тыпIэ. **49.** ИкIи министрщ, икIи режиссерщ.

Къехьу: **1.** Уэнжакъым кIэрещIэ. **2.** ЗэдзэкIакIуэ. **3.** Адыгэ композитор, Глинкэ и цIэкIэ щыIэ къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща. **4.** Нартхэм я гъукIэ. **5.** Пхъэ бжэмыщх цIыкIу. **6.** Iэщым зэрызихьумэж е зэреблъэрыкIуэ Iэщэ. **9.** Хьэлу, мэжаджэ, чыржын ... **14.** Дин хеящIэ. **15.** Шым и пIыкIэ. **17.** Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьалIэ цIыхубз хьилэшы. **19.** Адэр дэм хуагъадэ, анэр - абы. **20.** Сату щапIэ. **21.** Бгы, льагапIэ. **22.** ЗекIуэм кьыщаугъуея мыльку. **24.** ЩыпсалъэкIэ зэйынэ. **26.** Бадзэм Iэзэу ещакIуэ хъэпщхупщ. **29.** «Къру ...» Нало Заур и новеллэхэр щызэхуэхьэса тхыть. **30.** Адыгэщ къабзэ. **32.** Шым и кIуэкIэ. **33.** Гъущэ, псы зыщIэмытыж. **34.** ЯфIэгучэныхь хъуащ цIыху. **35.** ЬхэкIэкхъуэкIэ. **38.** Адыгэ макъамэ Iэмэпсымэ. **39.** Дзэлыкъуэ районым хиубыдэ кьуажэ. **41.** Зи дамытIыр дэщея. **44.** ЩIыпIэ хуабэхэм кьраш пхъащхьэмышцхэ. **46.** Хьэкъущыкъу.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Мэлыжьыхьым и 14-м дн газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **6.** Къургъакъ. **7.** Хьэкъурт. **9.** Гъурц. **11.** ЩIэрыкIуэ. **12.** Пхъэхуей. **13.** ХьэщIэщ. **16.** Хьэтыкъ. **18.** Хьэщыр. **19.** Медан. **21.** Джэпсэ. **23.** Кьабзэ. **25.** Сабыр. **26.** Шырыкъу. **30.** Хьэсэгъу. **32.** Махьшэ. **33.** НэгъуэщI. **34.** Хьэбэзэ. **37.** Псысэ. **38.** Мысыр. **39.** Бжьэдыгъу. **42.** ШэдыгъуэI. **44.** Бдзы. **46.** Благъуэ. **47.** Унагъуэ.

Къехьу: **1.** Куржы. **2.** «Нанэ». **3.** Шыр. **4.** Лэгъуп. **5.** Хьурмэ. **8.** Джэдэфей. **10.** Бемырзэ. **13.** Хьэ. **14.** ЩIэблэ. **15.** Щэ. **17.** Кьан. **18.** Хьэкъ. **20.** Адакъэ. **21.** Джарым. **22.** Сэшхуэ. **24.** Адыгэ. **27.** Нэщlэбжьэ. **28.** Пхъэпс. **29.** Хьуэпсэгъуэ. **31.** Гъуэз. **33.** Нып. **35.** Кьум. **36.** Гъур. **40.** Делэ. **41.** Гъуагъуэ. **42.** Шынэ. **43.** Дагъуэ. **45.** Дзэл.

● ГушыIэхэр

Хъуэпсапlэ

СТУДЕНТЫМ бэджэнду кьищта фэтэрыр зейр кьыщыхьаш:

- Мазэ кьэс фэтэрыщIэр зыльзэптыну дыдэгурыIуаци, абы дытегъэт. МазитI блэкIащи, абы и уасэр кьызэмыгтауэ щIэзэгъэкIынукъым.

- Упсэуарэт! Куэд щIауэ сызыщIэхъуэпсар кьызэхъуIащ, фэтэр сиIэ хъуащ!

Папэ, дыкъэгъафэ

АДЭМ иущим и гуГъэу, и пхъум бгъэдэтIысхьэ:

- Линэ, зы псальэмакъ пхузиIэщи, кьызэдаIэ.

- Папэ, нобэ Iейуэ сешащи, сынодIуэфынукъым, дыкъэгъафи нэхъыфIщ.

Машинэр зэхъуэкIын хуейщ

ЖЬЫ ДЫДЭ хъуа и машинэм ису дадэр машинэ щызэрагъэпэщыжьым Iуахьэ.

- Уа, си щIалэ, мы си машинэм фIыуэ кьижьыхьыжыркъым, дагъэр зэхъуэкIын хуэмейуэ пIэрэ?

- Хьэуэ, дадэ, дагъэм зыри и лажьэкъым, зэхъуэкIын хуейр уи машинэращ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхъэзыгъэр НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Фэ фщIэрэ?

Къуалэбзухэм я цIэр

Бгъэ - орел
БзуупцIэ - дрозд
Бзухьэгуагуэ - хохлатый жаворонок
Губгъуэ бабыщ - дикая утка
Жэнэтбзу - щеголь
Жунэ - крапивник
Къашыргъэ - ястреб
Къру - журавль
Къуалэбзу - дикие птицы
Мэз адакъэ - самец фазана
Мэзджэд - фазан
Мэлыхьуэ бзу - жаворонок полевой
Нэбажэ - сокол
Ныбгъуэ - перепел
Псыхэуэ - цапля
ПсысхуоIэ - чечевица
Тыседадэ - синица
Уэгунэбзу - жаворонок
Хьэрхьуп - удод.

● Сабий джэгукIэхэр

Тхьэмадэ банэ

Адыгэхэм нэхъыфI дыдэу яльагъуу щыта бэнэкIэщ, Къуажэ-къуажэкIэ, хьэблэ-хьэблэкIэ гуп хадзэ щытащ. Ауэ щIалэ щыкIуэм къызрылъуэрэ, гупитI защIу щызэбнри нэхъыбэт. ГупэкIэ хэтхэр щызэбгнкIэ нэхъыщIэ, нэхъ гущIэмащIэ щыкIуэмкIэ къыщIадзэрт.

А тIУМ зыр тридзамэ, а традзам и гупым щыщу къыкIэлъыкIуэр кьыхэкIырти, а тезыдзам кьебэныр. Ари тридзэрэ - ещанэр къакIуэрт. А ещанэм мыдрейхэм я щIалэр цIыкIур кьытридзамэ, абы я етIуанэр еблэныртт.

Апхуэдэуэрэ гупитIыр зобэн. Дэтхэнэ зыми и кьалэнщ нэхъыбэ тридзэфмэ, тридзэну, и тхьэмадэр нэхъ мащIэм еблэныну кьыхуигъэнэну. Къэхъурт къызэрыгуэкI бэнакIуэм адрейхэм я тхьэмадэр тридзэу, езым и тхьэмадэр зэбэныи къэмынэхъэу. А щIыкIэм тету традза тхьэмадэр, дауи, етIуанэ гъуэгу тхьэмадэу хахьжьртэкъым. Псом хуэмыдэу жьлэ-жьлэу щызэбэнкIэ.

Къэхъурт тхьэмадитIыр зэрыщытемыгъакIуэ. Апхуэдэм деж етIуанэ, ещанэ махуэхэми пащэнкIэ хъунут е зэрытегъэдзакъым, жаIэу щызэбгрыкIыжи щыIэт.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залиэ, Кьардэн Маритэ, Хьжькъаэр Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьуэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ зэпсымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхуиъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитныгъэр хьэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущ1ап1эм №И1-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елъытыгъэу: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Къумахуэ Аслан, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, Пхытlыкl Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *Компьютеркlэ газетым и тепlэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.000 ● Заказ №1047